ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№123-124 (23.032) ● 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Лъэпкъхэм яку зэгурыIуэ дэлъын папщIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Абы щIэсащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, министрхэр, дин, жылагъуэ, щэнхабзэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм ис лъэпкъхэмрэ щызэрахьэ динхэмрэ я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэхэм.**

- ЛЪЭПКЪХЭМ я зэхущытыкIэр Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ, ар къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ республикэм и политикэ, социально-экономикэ щытыкIэм. Абы куэдкIэ елъытащ республикэр зэпIэзэрыту, цIыхухэр тыншу, мамыру псэуныр, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий. - Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэныкъуэкъум я бжыгъэм къэрал куэдым щыхохъуэ. 2000 гъэм къызэрабжамкIэ, къэрал 80-м лъэпкъ зэхуэмыдэхэм ящыщу зи дин зэтемыхуэхэм яку къыдэхъуа зэпэщIэувэныгъэу 118-рэ къэхъуамэ, нобэ апхуэдэхэм я бжыгъэр 350-м щхьэдэхащ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ глобализацэмрэ цIыху куэд Iэпхъуэшапхъуэу къызэрынамрэ.

ЗэрытщIэщи, ди къэралым гулъытэ лей щыхуащI мы Iуэхум. УФ-м щаубзыхуащ 2025 гъэ пщIондэ ящIапхъэр. 2014 гъэм къэралым игъэбелджылащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэм я зэхущытыкIэр езыгъэфIэкIуэну лэжьыгъэр. Республикэм щыIэщ лъэпкъхэмрэ абыхэм зэрахьэ динхэмрэ я Iуэхум елэжь гуп. ЦIыхухэр гуапэу зэхущыту егъэсэнымкIэ къалэнышхуэ ягъэзащIэ КъБР-м ис Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм, Православнэ члисэм, нэгъуэщI дин IуэхущIапIэхэми. Псори зэхэту республикэм щыIэщ дин зэгухьэныгъэу 186-рэ. КъБР-м нобэ щопсэу лъэпкъ зэхуэмыдэу 100-м нэблагъэ. Урысейм и щIыналъэхэм ящыщу лъэпкъ куэдым къахэкI ахэр щыпсэухэм ди республикэр яхохьэ, езыр мыин дыдэми. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэм я зэхуаку къыдэхъуэ зэныкъуэкъухэр къэпщытэнымкIэ центрым къызэригъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ иужьрей илъэс зыбжанэм лъэпкъ зэныкъуэкъу къыщымыхъуа щIыналъэхэм. 2014 - 2015 гъэхэм екIуэкIа щIэупщIэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, республикэм и цIыхухэр, щIалэгъуалэри яхэту, арэзыщ лъэпкъхэр зэгурыгъэIуэным теухуауэ властым иригъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ. Нобэ республикэм щыIэщ лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэ 20, къэзакъхэм я зэгухьэныгъэу 16. Абыхэм я къалэнщ лъэпкъхэм я щэнхабзэр, бзэр, хабзэр хъумэныр. Ауэ абы къикIыркъым дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэ щымыIэу. Хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм я статистикэм къегъэлъагъуэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIа щIалэгъуалэм я зэхуаку зэныкъуэкъухэр къызэрыдэхъуэр. Апхуэдэу щыщыткIэ, дызэлэжьыни щыIэщ. Сыхуейщ нобэ мы Iуэхум епхауэ щыIэ гупсысэхэр зэхуэтIуэтэну. Ар дызыгъэгуфIэу ирехъу, дыхэзыгъэплъэу щрырет - Iуэхум лъэныкъуэ псомкIи дыкъыщеплъын хуейщ.

КIуэкIуэ Юрий къихигъэщащ республикэм экстремизмэм, сепаратизмэм я нэщэнэхэр зэрыщыIэм IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэри. Абы къыхигъэщащ диныр залымыгъэм хуэзыгъэкIуэну, республикэр зэIызыщIэну хэтхэм зыхашэнкIэ хъуну щIалэгъуалэм унагъуэм, курыт, ищхьэ еджапIэхэм щадэлэжьэн зэрыхуейр.

КъБР-м Граждан, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** я IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ.

- Адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм нэмыщI, ди республикэм щопсэу лъэпкъ зэхуэмыдэ куэдым къахэкIахэр: тэтэрхэр, осетинхэр, азербайджанхэр, ермэлыхэр, белорусхэр, нэгъуэщIхэри, - жиIащ КIурашыным. - Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIахэм, зи дин зэтемыхуэхэм яку зэгурыIуэ дэлъыным теухуащ «Адыгэ Хасэ», «Алан», «Вече» зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр. Республикэм щыпсэухэм нэхъыбэу зэрахьэр ислъам, чыристан динхэрщ.

КIурашыным жиIащ лъэпкъ, дин Iуэхухэм ятеухуауэ муниципалитетхэм комиссэхэр къызэрыщызэрагъэпэщыр. Мэкъуауэгъуэм и 1-м а лэжьыгъэр и кIэм щынэблэгъащ Налшык, Прохладнэ, Лэскэн, Май, Тэрч щIыналъэхэм. Абы къыхигъэщащ диным и лэжьакIуэхэмрэ лъэпкъ Iуэхум пэрытхэмрэ я щIэныгъэм хагъэхъуэным Управленэм гулъытэ зэрыхуищIыр.

КIуэкIуэ Юрий нықъусаныгъэу къигъэлъэгъуащ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм мы Iуэхум елэжь комиссэ иджыри зэрыщымыIэр икIи управленэм и унафэщIым пщэрылъ щищIащ ар игъэзэкIуэжыну. Республикэм и Iэтащхьэм гу лъаригъэтащ Управленэмрэ республикэм и вузхэмрэ мы IуэхумкIэ зэдэлэжьэн зэрыхуейм.

Лъэпкъхэм я зэхущытыкIэм теухуауэ ящIэм зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Вече», «Алан» зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэу Канунников Анатолийрэ Беппаев Суфянрэ.

Канунниковым къыхигъэщащ лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэхэм я хэщIапIэхэм, ЩэнхабзэмкIэ фондым зэIущIэ щебгъэкIуэкIыну зэрымытыншыр, щылэжьэн IуэхущIапIэ зэрыхуэныкъуэр.

Iэтащхьэм жиIащ Театрхэм я уардэунэ никъуэщIыр нагъэсмэ, лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэхэр абы ягъэIэпхъуэну зэрызэчэнджэщар.

ЗэIущIэм щызэпкърахащ «Къалэ шынагъуэншэ» АПК-р КъБР-м зэрыщагъэзащIэр. Ар пIалъэ ягъэбелджылам кърихубыдэу зэфIагъэкIын зэрыхуейр республикэм и Iэтащхьэм жиIащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# КIуэкIуэ Юрий Примаков Евгений и унагъуэм яхуэгузэващ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и телеграммэм итщ:

«Примаков Евгений Максим и къуэр ди къэралым и тхыдэм къыхэнэнущ, цIыхухэм ягу къинэнущ политик къызэрымыкIуэу, къэрал лэжьакIуэшхуэу, щIэныгъэлI щэджащэу. ЦIыху щыпкъэу къэгъуэгурыкIуа Евгений Максим и къуэм дуней псом пщIэшхуи къыщыхуащIу, Iулыджышхуи щиIэу щытащ, геополитикэ щытыкIэ гугъухэм, нэгъуэщI Iуэхухэм ар зэреплъыр къалъытэрт мыхьэнэшхуэ зиIэ къэрал унафэхэр къыщащтэкIэ.

Къыфтепсыха гуауэр вдэзгуэшу, Примаков Евгений Максим и къуэм и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ си гум къыбгъэдэкIыу сыфхуогузавэ».

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● КъБР-м и Парламентым

# ЕрыскъыпхъэкIэ ирикъуу зыкъызэригъэпэщыжын щхьэкIэ республикэм Iэмал псори щыIэщ

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и деж щыIэ Жылагъуэ советым и зэIущIэм щызэпкърахащ «Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным и IуэхукIэ» Федеральнэ законыр республикэм зэрыщагъэзащIэр. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ.**

ВИЦЕ-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Дадэ МуIэед** и докладым зэрыщыжиIамкIэ, абы папщIэ лэжьыпхъэхэр республикэм и Правительствэм и УнафэкIэ нэгъабэ къащта къэрал программэм щыгъэбелджылащ. А программэм гуэдзэн пщыкIуз иIэщ. Апхуэдэщ мэкъумэш страхованэм зегъэужьыным, Iэщ лъэпкъыфIхэр къэгъэхъуным, жылапхъэфIхэр къэгъэкIыным, илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыг хадэхэр хэсэным, щIым и фIагъым хэгъэхъуэным, къуажэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным, IэщIагъэлIхэр егъэджэным, гъэхьэзырыным теухуахэр, нэгъуэщIхэри.

- Зи гугъу сщIы программэ гуэдзэхэр республикэ бюджетым и мылъкукIэ щIэгъэбыдащ. КъищынэмыщIауэ, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэми зыкъытщIегъакъуэ. Къэрал программэр гъэзэщIэным федеральнэ бюджетым щыщу сом мелардрэ мелуан 828-рэ, республикэ бюджетым ейуэ сом мелуан 628-рэ нэгъабэ хухахащ. Абы и фIыгъэкIэ, мэкъумэшхэкIыу сом мелард 34-рэ мелуани 100-рэ и уасэ е ипэ ита илъэсым елъытауэ зы процентрэ пщIанитIкIэ нэхъыбэ къалэжьащ. Къэрал программэм щыубзыхуа Iуэхугъуэхэм ящыщ куэд гъэзэщIа хъуащ. Къуажэдэсхэм я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ, курыт еджапIэхэр, фельдшер-акушер пунктхэр, спорт зыгъэсапIэхэр, джэгупIэ- хэр яухуащ, псы, газ кIуапIэхэр, автомобиль гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ. Зэрыщыту къапщтэмэ, 2014 - 2020 гъэхэм гъавэ щIэным, мэкъумэшхэкIхэм елэжьыным, щэным, лышхуэ зыщI IэщIэвыщIэ гъэшхэным, IэнатIэ цIыкIухэм защIагъэкъуэным, республикэм и къуажэхэм, псы щIэгъэлъадэм зегъэужьыным, жэм гъэшыфIэхэр зехьэным мылъку хъарзынэ нэгъабэ халъхьащ, - къигъэлъэгъуащ министрым.

Абы зэрыжиIамкIэ, федеральнэ бюджетым щыщу сом мелардрэ мелуан 626-рэ республикэм и къэрал программэм мы гъэм зэрыхухахынум теухуа зэгурыIуэныгъэ яIэщ. Программэ гуэдзэ псоми ахъшэкIэ зыщIагъакъуэ. 2013 гъэ лъандэрэ къуажэдэс 1367-м я псэупIэхэр ирагъэфIэкIуащ. Абыхэм ящыщу 720-р унэгъащIэщ. Нэгъабэ и закъуэ унагъуэ 82-рэ псэупIэкIэ къызэрагъэпэщащ. Мы гъэм щегъэжьауэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэм гулъытэ нэхъыбэ хуащIынущ. Къуажэхэм зэпIэзэрыту зэрызаужьыну программэм хыхьэу фельдшер-акушер пунктхэр, псэупIэхэр, спорт джэгупIэхэр яухуэнущ, псы, газ кIуапIэхэр яукъуэдиинущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

# ГъавэгъэкIхэр бэлэрыгъыркъым

● Аруан щIыналъэ

**Аруан щIыналъэм щызэфIагъэкI гъатхасэ гъавэм иращIэкIын хуей лэжьыгъэр. Мы гъэм мэкъумэшыщIэхэм яIэщ хьэпцIийуэ гектар 58-рэ. Абыхэм къащIу хуежьа щхьэмыжхэр узыншэщ, бэв хъунуи щогугъхэр.**

БЖЬЫХЬЭСЭ гъавэри Iейуэ пхужыIэнукъым. ЕщIапхъэр иращIащ, щхъухь текIэн, пщIэн жыпIэми. Къанэр хъугъуэ ихуэу къахыжынырщ. Бжьыхьэсэ гуэдзу мэкъумэшыщIэхэм гектар 300, хьэпцIийуэ 90-м нэс яIэщ.

ЩIыналъэм и нартыхугъэкIхэри бэлэрыгъыркъым: нартыхум щIыгъэпшэрхэр кIэщIалъхьэ. Бэджэндырылажьэхэм яIэ гектар мини 10,5-р зыхуей хуэзэу япщIащ. Дунейм и щытыкIэм елъытауэ, нартыхум псы зэрыщIагъэлъэдэным зыхуагъэхьэзыр: щIэгузэвэн щымыIэу псы жапIэ кIэнауэхэр куэдым яIэщ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Гъуазджэ

# ХьэIупэ ДжэбрэIил ейрщ япэу къыдэкIар



**«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм 2015 гъэм къыдигъэкIын щIидзащ КъБР-м и композиторхэм я камернэ лэжьыгъэхэр зэрыт тхылъхэр.**

ЯПЭУ къыдэкIар композитор цIэрыIуэ, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Шостакович Дмитрий и цIэр зезыхьэ, Урысейм и композиторхэм я союзым я саугъэтхэм я лауреат, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат ХьэIупэ ДжэбрэIил и «Самшитовый напев» («Чэщей пшыналъэ») тхылъырщ. Ар и теплъэкIэ инщ, дахэщ, напэкIуэцI 320-рэ мэхъу. Абы ихуащ пшынэм, флейтэм, фортепьянэм, скрипкэм, виолончелым, гобойм папщIэ ХьэIупэм итха макъамэхэр. КъыдэкIыгъуэр икъукIэ щхьэпэщ макъамэ еджапIэхэм я дежкIэ, апхуэдэу ар сэбэп яхуэхъунущ композитор ныбжьыщIэхэм. Къапщтэмэ, макъамэр зи IэщIагъэ дэтхэнэ зым папщIи ар тыгъэфI дыдэщ.

Тхылъ тедзапIэм дяпэкIэ къыщыдэкIынущ Балэ Мухьэдин, Къардэн Хьэсэн, Молэ Владимир, Блай Тамарэ, Къэзан Аслъэнджэрий, Къэбардокъуэ Мурат, нэгъуэщI композиторхэми я камернэ, симфоние лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэхэр.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

## Мы махуэхэм

### Мэкъуауэгъуэм и 27, *щэбэт*

♦**Бдзэжьей ещэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Тропик мэзхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Къэхутакlуэмрэ рационализаторымрэ я махуэщ**
♦**Урысейм и щlалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Осетие Ипщэм и щlалэгъуалэм я махуэщ**
♦**Таджикистаным и лъэпкъыр зэкlужыным и махуэщ**
♦**Узбекистаным и печатымрэ цlыхубэ хъыбарегъащlэ lуэхущlапlэхэмрэ я лэжьакlуэхэм я махуэщ**
♦**Канадэм и лъэпкъ гимным и махуэщ**
♦1709 гъэм Урысыдзэр шведхэм Полтавэ деж щатекlуащ.
♦1979 гъэм «КъБР-м и цlыхубэ тхакlуэ» цlэ лъапlэр ягъэуващ.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, пlалъэ-пlалъэкlэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 28, *тхьэмахуэ*

♦**Адыгэ Республикэм и къэрал суверенитетым теухуа Декларацэр къыщащта махуэщ**
♦**Украинэм и Конституцэм и махуэщ**
♦**Украинэмрэ Белоруссиемрэ я щlалэгъуалэм я махуэщ**
♦1919 гъэм Франджым щыlэ Версаль уардэунэм lэ щытрадзащ Япэ дунейпсо зауэр зэриухам щыхьэт техъуэ дэфтэр нэхъыщхьэм - мамырыгъэ зэгурыlуэныгъэм.
♦1946 гъэм Горький къалэм дэт автозаводым щызэпкъралъхьащ «Победа» автомобилхэм я япэ партиер.
♦1948 гъэм Архитекторхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
♦1991 гъэм Экономикэм щызэдэлэжьэнымкlэ советыр (СЭВ) зэбграутlыпщыкlыжащ.
♦lуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкlа адыгэлl **Хьэшыр Чылар** къызэралъхурэ илъэс 217-рэ ирокъу.
♦Тхакlуэ, щlэныгъэлl, генеалогиемкlэ дунейпсо академиеми (Париж) ЩlДАА-ми я член-корреспондент **Махъсидэ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр, режиссёр, усакlуэ, жылагъуэ лэжьакlуэ, УФ-м и цlыхубэ артист **Панкратов-Черный Александр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, уэшх тlэкlу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхъунущ.

### Мэкъуауэгъуэм и 29, *блыщхьэ*

♦**Дунай псым и махуэщ**
♦**Урысейм и партизанхэмрэ щэхурылажьэхэмрэ я махуэщ**
♦1855 гъэм Лондон къыщыдэкlащ «Дейли Телеграф» газетым и япэ номерыр.
♦1908 гъэм Тунгус метеоритыр Щlым къытехуащ.
♦1916 гъэм уэгум ихьащ «Боинг» кхъухьлъатэщlэр.
♦1940 гъэм Луначарскэм и цlэр зезыхьэ Театральнэ институтым и адыгэ студиер къаухащ Къэбэрдей драмэ театрым и актёр хъунухэм.
♦Франджы тхакlуэ **Антуан де Сент-Экзюпери** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.
♦КъБР-м щlыхь зиlэ и артист **Балъкъэр Юрий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкlэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкlэ, Налшык пшэр техьэ-текlыу щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 20 – 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**КIыщ пщы унэщ.**

■ ЗэIущIэхэр ■ Шыхулъагъуэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Махуэгъэпс ■ Малъхъэдис

● Фестиваль









# ЩIалэгъуалэм я махуэм и щIыхькIэ

**Мэкъуауэгъуэм и 25-м Налшык щекIуэкIащ «Ритмы Нальчика» щIалэгъуалэ фестивалыр. Зэхыхьэм хыхьэу ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зезыхьэ зыгъэпсэхупIэм и аттракционым сыхьэт 17-м щIидзэу концерт дахэ щекIуэкIащ. Республикэм и ансамблхэм, къэфакIуэхэм, уэрэджыIакIуэхэм я зэфIэкIхэр абы щагъэлъэгъуащ.**



ФЕСТИВАЛЫР къызэригъэпэщащ Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм, Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэм хыхьэу.

Зэхыхьэр къызэIуихащ Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Мыкъуэжь Марат. КъэкIуэнур зей щIалэгъуалэм я махуэмкIэ ар ехъуэхъуащ икIи къызэхуэсахэр къыхуриджащ щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащIыну, гъащIэм и лъапIэныгъэхэр, лъэпкъ хабзэхэр яхъумэну.

Апхуэдэу ЩIалэгъуалэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм и исполкомым и унафэщI Макаев Мулид, Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщIым и къуэдзэ Энеевэ Лизэ.

Сурэт техынымкIэ къалэм щекIуэкIа «В объективе молодежи» зэпеуэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр абдежым щагъэлъэгъуащ. Конкурсым пашэ щыхъуахэр фестивалым щагъэпэжащ, щIыхь тхылъхэр иратащ. Апхуэдэхэщ «Пейзаж» Iыхьэм япэ увыпIэ къыщызыхьа Дьяченкэ Алинэ, етIуанэр зыхуагъэфэща Тхьэгъэзит Надие. Ещанэ увыпIэр къэзыхьа ШынтIыкъу Эльдар «Портрет» Iыхьэми етIуанэр къыщылъысащ. «Портрет» Iыхьэм япэ щыхъуар ХьэщIэлI Ислъамщ. Зэпеуэм зэрыхэтам папщIэ щхьэхуэу ягъэлъэпIащ АпекIуэ Каринэрэ Нэхущ Динэрэ.

Концертыр къыхэзылъхьахэм я мурадыр къайхъулIащ - къалэм и щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр утыку кърахьащ, уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ нэхъ гъунэгъуу зэрагъэцIыхуащ, абыхэм я зэпыщIэныгъэр ягъэбыдащ.

Фестивалыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу КIыщхэ Ислъамрэ Каринэрэ, Аппаевэ Миланэ, Хатеб Ибрэхьим, Муртаевэ Анисэ, Хамзэ Истантие, Эштер Абдулсэлам, къэфакIуэхэу Зайцев Вячеслав, «Гангстерс», «DJ Shetik», «DJ Hani», «Arthur Van House» гупхэм, нэгъуэщIхэми. Налшык къалэ администрацэм ФизкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр иратащ зэхыхьэм зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуахэм.

Концерт нэужьым щIалэгъуалэр пшапэр зэхэуэху къэфащ, я нэгу зрагъэужьащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



САСЫКЪ Марие:

# Си гум нэхъ къинэжар Путиныршь

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм къыщытхьа ТекIуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъур Москва щызыгъэлъэпIахэм яхэтащ Налшык щыщ ветеран Сасыкъ Марие. Официальнэу ирагъэблэгъауэ а зэманым Москва щызэхуэсащ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщу цIыху 85-рэ, апхуэдэу нэгъуэщI къэралхэм къикIа ветерану 75-рэ. Абыхэм псоми гъусэ зырыз яIащ. Сасыкъ Марие щIыгъуу Москва кIуащ абы и къуэ Борис.**

КХЪУХЬЛЪАТЭМ щикIа дакъикъэм щегъэжьауэ ветеранхэр зыхуей псомкIи къызэригъэпэщащ Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм. Зауэм и ветеранхэр къалэ щIыбым щыIэ зыгъэпсэхупIэ унэм щагъэтIысхьащ. Накъыгъэм и 7 - 10-хэм къриубыдэу хьэщIэхэр щIыпIэ куэдым къыщрашэкIащ, абыхэм гуфIэгъуэ Iэнэ къахуищтащ УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей. Ветеранхэр Кремлым щригъэблэгъащ Путин Владимир.

ТекIуэныгъэм и махуэр Москва щызыгъэлъапIэхэм Сасыкъ Марие мы гъэм япэу яхэхуауэ аращ. Зэанэзэкъуэм абы теухуауэ сурэт хьэлэмэтхэр дагъэлъэгъуащ, хъыбар куэди къытхуаIуэтэжащ.

«ДауэдапщэхэрхуабжьуIэтауэирагъэкIуэкIащ. Дэнэ щIыпIи дэ гуапэу къыщытIущIащ, дыщагъэлъэпIащ. Сэлэт МыцIыхум и кхъащхьэм удз гъэгъахэр тетлъхьащ ди гъунэгъу республикэхэм я лIыкIуэхэу шэшэн Гакаев Ваха, дагъыстэн Садыков Ибрэхьим, ингуш Шадиев Алаудин, шэрджэс Махуэ Мусэ сымэ драгъусэу. АдэкIэ IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм я музейм, ТекIуэныгъэм и Бэракъыр щахъумэм, щекIуэкIа зэхыхьэм ди анэм къыщратащ ТекIуэныгъэм и Парадым зэрыхэтам папщIэ фэеплъ медалыр. Георгиевскэ пэшышхуэм Президентым хьэщIэу 500-м нэблагъэ щызэхуишэсат. ХъумакIуэхэми зыгуэр хуэдэу саблэкIри, ди анэмрэ Путин Владимиррэ зэщIыгъуу сурэт ятесхын схузэфIэкIащ», - къытхуиIуэтэжащ Борис.

«А махуэшхуэр игъащIэкIэ сщымыгъупщэжыну сигу къинащ, - жеIэ Сасыкъ Марие. - Ауэ, сыт хуэдиз гъэщIэгъуэну дримыхьэлIами, нэхъ гукъинэ сщыхъуар Путиныршь. Иджыщ къыщызгурыIуар къэралым и унафэщIым ирихьэкI лэжьыгъэм и инагъыр... Ар дэтхэнэми бгъэдыхьэурэ ехъуэхъуащ, дэтхэнэми жриIэн псалъэ гуапэхэр къигъуэтащ. Ар дэ сыхьэт ныкъуэкIэ къыдбгъэдэтащ, Налшык щыIэ псэукIэм щIэупщIащ, хьэщIапIэ къэкIуэну дыкъигъэгугъащ. Апхуэдэу Президентым къыхигъэщащ сыт хуэдэ IуэхукIэ дыбгъэдэмыхьэми, абы зэрыхэплъэнур».

Сасыкъ Марие республикэм пщIэшхуэ щызиIэ цIыхухэм ящыщщ. Абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэр, «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр, медаль, щIыхь дамыгъэ куэд.

Ар фронтым Iухьащ илъэс 15 фIэкIа и мыныбжьу. 1942 гъэм абы езыр щалъхуа Шэджэм Езанэ къуажэм ебланэ классыр къыщиуха къудейуэ, школым сэлэт уIэгъэхэр къашэурэ щIагъэгъуалъхьэу щIадзащ. ШколакIуэхэри госпиталым и лэжьакIуэхэм ядэIэпыкъурт, пэшхэр зэлъыIуахырт, ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр сымаджэхэм хуахьырт.

«Фашистхэр ди щIыналъэм къэблагъэу щыхуежьэм, госпиталыр ягъэIэпхъуэн хуей хъуащ. Сэ нэхърэ илъэс зытIущкIэ нэхъыжь, ди пионер вожатэ Шортей Таужанрэ сэрэ дызэгурыIуащ фронтым дыкIуэну. Абы щыгъуэ сэ фронтым сызэрынэсу фашистхэр псори зэтезукIэфыну къысщыхъурт. Дэ Нартан къуажэм дэт дзэ комиссариатым зыбгъупщIрэ дыкIуащ, драгъэжьэну дылъаIуэу. Сытми, еплIанэ гвардейскэ корпусым и 127-нэ шууей полкым санитаркэу дыхатхащ. Гундэлэн къуажэм деж щекIуэкIа зауэм ди связистыр хэкIуэдати, махуэ бжыгъэм къриубыдэу а IэщIагъэм сыхуагъасэри, полкым и штабым и связистым и къалэнхэр си пщэ къыдалъхьащ», - къытхуиIуэтэжащ Сасыкъ Марие.

Ар зэуапIэ IэнатIэм пэрыт дзэхэм 1943 гъэм и накъыгъэ мазэм нэсыху хэтащ. Зауэ нэужьым IэнатIэ куэдым пэрытащ: Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Советскэ, Шэджэм районхэм я исполкомхэм я унафэщIхэм я къуэдзэу, КПСС-м и обкомым и инструктору щытащ, партым и Бахъсэн райкомым и секретару хахащ. 1970 гъэм ар республикэм и Министрхэм я Советым и деж УасэхэмкIэ щыIэ комитетым и унафэщIу, нэхъ иужькIэ Гъэш промышленностымкIэ управленэм и унафэщIу ягъэуващ. Сасыкъ Марие КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ.

Нобэми цIыхубз емызэшым и гур гъэтIылъауэ зигъэпсэхуркъым, Налшык къалэм и Ветеранхэм я советым, ЦIыхубзхэм я советым я лэжьыгъэм жыджэру хэтщ.

• Зэпеуэхэр

# ТкIуэпс зэмыфэгъухэр

**КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм сурэт щIынымкIэ сабийхэм папщIэ «ТкIуэпс зэмыфэгъухэр» зэпеуэр къыхилъхьащ.**



Зэпеуэр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и щIэблэм псы гъэтIылъыгъэхэр ирагъэхъумэн, псым пщIэ хуащIу къагъэхъун, экологие лэжьыгъэм хашэн папщIэ.

Я зэфIэкI щеплъыжыну зэхьэзэхуэм ирагъэблагъэ сабий гъэсапIэхэм, школхэм, нэгъуэщI егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм екIуалIэхэу илъэс 17-м нэс зи ныбжьхэр. Абыхэм я тхылъхэр ягъэхь хъунущ адэ-анэхэм е нэгъуэщI Iыхьлыхэм, зэпеуэм хэтынум и телефоныр, цIэр, унэцIэр, адэцIэр щыуагъэншэу къыщыгъэлъэгъуауэ.

Нэгъаби хуэдэу, мы гъэми лэжьыгъэхэр псым и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуауэ щытынущ. Абыхэм зыщыхэвгъэгъуазэ хъунущ «Вода России» федеральнэ хъыбарегъащIэ порталым http://voda.org.ru зэпеуэм хухаха Iыхьэм.

Лэжьыгъэхэр зэпеуэм хэтхэм я Iэдакъэ къыщIэкIын хуейщ. Сурэтыр техникэ зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпу ящIыну Iэмал яIэщ, компьютер графикэ редакторхэри хыхьэу. Сату маркэхэр е абыхэм я элементхэр къыщыгъэлъэгъуа, авторхэм яхъумэ сурэтхэр зэпеуэм хагъэхьэнукъым.

Зэхьэзэхуэм пашэ щыхъунухэм щIыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ иратынущ. Конкурсым щытекIуэхэм къыхуагъэфэщэну саугъэтымрэ щIыхь тхылъымрэ Москва зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым къыщыIамыхыжыф хъумэ, ар пощткIэ къыхуагъэхьыжынущ. Зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап ихьынукъым ар зыхуагъэфэщахэм зыгуэркIэ яIэрымыхьэжмэ, я хэщIапIэр щыуагъэ хэту къагъэлъагъуэмэ.

Саугъэтыр кърадын папщIэ я паспортымрэ (япэ напэкIуэцIымрэ и хэщIапIэр къыщыгъэлъэгъуамрэ) СНИЛС-мрэ сурэт трагъэхыу конкурсым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и электроннэ пощтым ягъэхьын хуейщ.

2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1 пщIондэ лэжьыгъэхэр къыIахынущ.

«ТкIуэпс зэмыфэгъухэр» зэпеуэм 2014 гъэм пашэ щыхъуахэм я лэжьыгъэхэм фыщеплъ хъунущ мы хэщIапIэмкIэ: http//competitions/content/29?idn=child_pictures.

# ЕрыскъыпхъэкIэ ирикъуу зыкъызэригъэпэщыжын щхьэкIэ республикэм Iэмал псори щыIэщ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Министрыр ныкъусаныгъэхэми къытеувыIащ. Апхуэдэщ къэрал дэIэпыкъуныгъэу хухах мылъкур мэкъумэш IэнатIэ куэдым зэрызэрамыгъэзахуэр, щIыр куэншыбкIэ зэрамыгъэпшэрыр, гъавэ щIапIэхэм я фIагъыр, я къэуатыр зэрамыхъумэр, къуажэхэм я псы кIуапIэхэр щызэрагъэпэщыжкIэ абыхэм щыпсэухэм я бжыгъэм зэрытрамыщIыхьыр, мэкъумэшыщIэхэм я улахуэр зэрымащIэр, пIалъэкIэ ягъэзащIэ лэжьыгъэхэм хашэ цIыхухэм я Iуэхур зэрызэIумыбзыр, къуажэдэсхэр зэрыIэнатIэншэр. Мэкъумэш страхованэм, щIэныгъэмрэ инновацэ лэжьыгъэмрэ зегъэужьыным, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, щIэрыщIэу егъэджэным, къэрал мэкъумэш политикэм пыщIа хъыбархэр хэIущIыIу щIыным хуэунэтIауэ Федеральнэ законым къигъэувхэр нэгъэсауэ ягъэзащIэркъым.



Дадэ МуIэед къопсалъэ.

Дадэ МуIэед къапэщыт къалэнхэр игъэбелджылащ, зэхуэсахэм я упщIэхэм жэуап яритащ.

Министрым жиIахэм дыщIигъужу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и ветеранхэм я советым хэт **Жэрыгъу Радий**. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, «2014 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкIхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэкIэлъыгъэкIуэным и IуэхукIэ» нэгъабэ бадзэуэгъуэм и 17-м республикэм и Правительствэм къищта къэрал программэр гъэзэщIэным, республикэ бюджетым хуэгъэкъарумэ, сом мелардиплI хухахыну я мурадщ. ЦIыхухэм я псэукIэр къэIэтыным, ахэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным, къуажэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным гулъытэ хэха хуащIынущ. IэнатIэм IэщIагъэлI Iэзэхэр къомэщIэкI. Мэкъумэш щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэм къуажэм щылэжьэн ядэркъым. АПК-м хуаутIыпщ федеральнэ, республикэ мылъкур къызэрагъэсэбэп щIыкIэм хабзэ хэлъхьапхъэщ. Мэкъумэш страхованэм хуэзэм и зэхуэдитIыр министерствэм хуитыжми, цIыхухэр а Iуэхум тегушхуэркъым.

- Гугъуехь куэд хэлъми, республикэм и АПК-м нэрылъагъуу зыкъеужьыж. МэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэм, IэщхэкIыу къалэжьым илъэс къэс хохъуэ. ЕрыскъыпхъэкIэ ирикъуу зыкъызэригъэпэщыжын щхьэкIэ республикэм Iэмал псори иIэщ. Къапщтэмэ, гъавэкIэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIхэмкIэ нэгъуэщI щIыналъэхэм дадэгуэшэфынущ. КъищынэмыщIауэ, мэкъумэшыщIэхэм республикэ, муниципальнэ бюджетхэм гъэ къэс сом мелуан 550-650-м нэблагъэ халъхьэ. Зэман гъунэгъум ар сом мелардым щIигъунущ. Ари гъунапкъэншэкъым, - къыхигъэщащ Жэрыгъу Радий.

Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, гъэмахуэ хъупIэхэр, бгылъэ мэкъупIэхэр дяпэкIэ фейдэ пылъу къагъэсэбэпынущ, зи закъуэ бэджэндырылажьэхэр кооперацэу зэрызэгуагъэхьэну хабзэр яубзыхунущ, щIыр бэджэнду зэрат, ар къызэрагъэсэбэп щIыкIэм ткIийуэ кIэлъыплъынущ.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэм тепсэлъыхьа нэужь, къащтэну унафэм и проектым хагъэхьэну чэнджэщхэр ягъэбелжылащ.

КъБР-м и Парламентым РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Кансаевэ Еленэ** къыхилъхьэри, республикэм и хабзэгъэув IуэхущIапIэм гъатхэ сессием зэфIигъэкIа лэжьыгъэм советым хэтхэр хагъэгъуэзащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**



• Нобэ Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэщ

# КъэкIуэнур зейхэр

**Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэр илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 27-м къэралым щагъэлъапIэ. 1993 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м ар яубзыхуащ УФ-м и Президентым и УнафэкIэ.**

КУЭДЫМ ящIэжу къыщIэкIынщ: 1958 гъэм щегъэжьауэ СССР-м щагъэлъэпIащ мы махуэр. СССР-р къутэжри, Урысей Федерацэм ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и къэрал комитетымрэ Урысейм и щIалэгъуалэ, сабий зэгухьэныгъэхэм я Лъэпкъ советымрэ я чэнджэщкIэ УФ-м и япэ Президент Ельцин Борис Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэр гъэлъэпIэнымкIэ Унафэ къыдигъэкIащ 1993 гъэм. Абы лъандэрэ ди къэралым Iэтауэ щагъэлъапIэ мы Iуэхур: концертхэр, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр йокIуэкI.

Урысейм и щIалэгъуалэм я махуэр гуфIэгъуэ Iуэху къудейхэмкIэ иухыркъым. НыбжьыщIэхэм къагурыIуэн хуейщ абыхэм я гупсысэкIэм, Iуэху зехьэкIэм, я щIэныгъэр къызэрагъэсэбэпым куэд зэрелъытар. ЩIалэгъуэр мурад дахэхэм, къалэныщIэхэм, гугъэшхуэхэм я зэманщ. Нобэрей школакIуэхэм, студентхэм, щIэныгъэлI, лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэм елъытащ Урысейм и пщэдейр. Къэралым куэд щалэжь щIалэгъуалэм я мурадхэр нэрылъагъу ящыхъуным папщIэ. ЩIэблэ узыншэ диIэныр къэралым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

• IуэхущIапIэхэм

# Хагъэхъуэн хуейуэ къегъэув

**Къагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэралъытэ Iэмэпсымэхэр зимыIэхэм папщIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэув пщалъэмкIэ мыарэзыуэ, «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-р КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм щодауэ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къыщагъэсэбэп щIыуэпс газым я коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм пэкIуэ пщалъэхэр гъэувыным и IуэхукIэ» 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м республикэм ЭнергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм къищта унафэ №80-м ипкъ иткIэ, ягъэхуабэ метр зэбгъузэнатIэм иджырей пщалъэмкIэ кубометри 6,6-рэ хуозэ.

2015 гъэм и щIышылэм «Газпром-Псыхуабэ щIыналъэ зэхуаку газ» ООО-м КъБР-м и Правительствэм зыхуигъэзащ къагъэсэбэп газыр зыхуэдизыр къызэралъытэ пщалъэхэм хагъэхъуэн икIи ягъэхуабэ метр зэбгъузэнатIэм хуэзэр кубометри 8,4-рэ хъууэ ягъэувын хуейуэ (2015 гъэм щIышылэм и 21-м къыдигъэкIа унафэ №15-281-сс). Ар министерствэм и унафэкIэ къащтам нэхърэ процент 27-кIэ нэхъыбэщ.

***КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

• Дин

# Ислъамым хуеджахэр

**Iимам Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ Ислъам университетыр мы гъэм къэзыуххэм дипломхэмрэ справкэхэмрэ иратыжащ. Iуэхум кърихьэлIащ КъБР-м ис Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI КIурашын Анзор, абы и къуэдзэ Гергоков Джамбулат, Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и унафэщI Азубэч Азэмэт, Ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдин, нэгъуэщIхэри.**

ДЭФТЭРЫР зыIэрыхьэжхэм ехъуэхъуащ, чэнджэщ щхьэпэхэр яритащ Дзасэжь Хьэзратэлий.

- Ди шыпхъухэ, ди къуэшхэ! Нобэ ди гуфIэгъуэщ. Алыхьым фи гум къэрилъхьэри, ислъам диным и гъуэгум фытехьащ. Фи егъэджакIуэхэр я гуащIэ еблэжакъым езыхэм яIэ щIэныгъэр фэ къывбгъэдалъхьэн папщIэ. Фигурэ фи щхьэкIэ фыарэзыуэ къыхэфхащ мы лъагъуэр, Алыхьым и пащхьэм жэуаплыныгъэ щывохь. Зыщывмыгъэгъупщэ зэпымыууэ феджэн зэрыхуейр, сыту жыпIэмэ, щIэныгъэм и гъуэгум утехьэу укъэувыIэж хъунукъым. Гу зэрылъыттэщи, гъащIэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ гуемыIухэм я щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щIэныгъэншагъэрщ. Ислъам диныр куущ, куэд къызэщIеубыдэ, нэщIысащ. Абы и кIэм унэплъысыну, бджыну Iэмал щыIэкъым. Нобэ фэ зэвгъэгъуэта щIэныгъэр зы лъэбакъуэ цIыкIу къудейуэ ращ, адэкIэ къыфпэщылъыр нэхъыбэщ. Нэхъыщхьэр мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ ди зэхуаку дэлъыныршь - аращ ислъамым узыхуигъасэр. Диным и нурыр къызытепса цIыхум бзаджагъэ хуэлэжьынукъым. Хьэдис, Iэят куэд щыIэщ дыкъэзыухъуреихьхэм фIыуэ дахущытыным дыхуагъасэу. Нобэ ар къызыгурымыIуэм, абы теухуауэ щIэныгъэ зыбгъэдэмылъым ди щIыбыр яхуэдгъазэ хъунукъым, - яжриIащ абы къызэхуэсахэм.

- Псом япэ фIыщIэ зыхуэщIыпхъэр егъэджакIуэ псэемыблэжхэращ. Дэ къыдгуроIуэ фи лэжьыгъэр зэрымытыншри, абы дызэрыхуэныкъуэри. Нобэ еджапIэ къэзыух ныбжьыщIэхэми захуэзгъэзэнут: сынывохъуэхъу щIэныгъэм и гъуэгум фызэрытехьамкIэ. АдэкIи гъащIэм къыфпегъаплъэ гъэунэхупIэхэр. Фэ къэфщIам щыщ нэгъуэщIхэм зэрабгъэдэфлъхьэным фыхущIэкъу, - жиIащ КIурашын Анзор.

ЕджапIэр къэзыухахэм ехъуэхъуащ, Ислъам университетым, ДУМ-м и лэжьакIуэхэм псалъэ гуапэ жраIащ Азубэч Азэмэт, мыбы зы зэман щеджа Ерчэн Мухьэмэд сымэ.

ЕджапIэр къэзыуххэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъащ Хаджиев Мурат. Абы фIыщIэ яхуищIащ университетым и ректорым, егъэджакIуэхэм.

ЩIалэгъуалэм я дипломхэмрэ тыгъэхэмрэ иратыжащ еджапIэм и ректор Чочаев Шарафутдинрэ КъБР-м и ДУМ-м и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



• Школ хъыбархэр

# Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ я зэфIэкIхэр

**Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» гуманитар телевизионнэ олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэ зэпеуэр. Абы хэтащ ди республикэм и еджакIуэ нэхъыфIхэм ящыщу 200-м нэс.**




ЗЭПЕУЭМ и къэпщытакIуэ гупым и унафэщIу щытар «Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» Урысейпсо олимпиадэ зэщIэхъееныгъэм и лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ Князевэ Каринэщ. НыбжьыщIэхэр тхыдэмкIэ, щэнхабзэмрэ хэкурыджымкIэ зэпеуа нэужь, къэпщытакIуэхэм ягъэбелджылащ олимпиадэм щытекIуахэмрэ абы и лауреат хъуахэмрэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» зэпеуэм щытекIуащ Къаныкъуей Лаурэ (гимназие №14, Налшык къ.), Емкъужь Назир (курыт школ №2, Тэрч къ.), Къандур Iэдэм (гимназие №29, Налшык къ.). Абыхэм иратащ зэпеуэм и щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмрэ.

А зэхьэзэхуэм и саугъэтхэр апхуэдэу хуагъэфэщащ ГъукIэ Залинэ (курыт школ №4, Зеикъуэ къуу.), Бэрокъуэ Дианэ (курыт школ №18, Налшык къ.), Жэрыщты Къантемыр (гимназие №1, Налшык къ.), Къардэн Аминэ (лицей №1, Нарткъалэ къ.), Марков Максим (Красносельскэ къуажэм дэт курыт школ), ПщыхуэфI Анжелэ (курыт школ №7, Налшык къ.).

НыбжьыщIэ зэчиифIэхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэр наIуэ къэщIыным хуэгъэпса олимпиадэм школакIуэхэр хуегъасэ я гупсысэхэр екIуу къаIуэтэфу утыку итыным, щIэныгъэ-творчествэ и лъэныкъуэкIэ заужьыным.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

• Дэ къытхуатх

# Адрейхэм щапхъэ яхурырехъу

**Мы тхыгъэ кэщIыр зытеухуар бзылъхугъэ щыпкъэ, зи IэщIагъэм гурэ псэкIэ бгъэдэт егъэджакIуэ Iэзэщ. Зи гугъу сщIыр Налшык дэт курыт школ №12-м и нэIэм щIэту лажьэ «Колокольчик» сабий садым адыгэбзэр щезыгъэдж Къарэжь Тамарэщ.**



ЕГЪЭДЖАКIУЭМ и лэжьыгъэр къызэрапщытэр и гъэсэнхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэращ. Си къуэрылъху цIыкIу Асанэ къэсщтэнщи, абы сабий садым кIуэну щIыфIэфIыр адыгэбзэмкIэ езыгъаджэ Къарэжьым и дерсхэм зэрыдахьэхыр арауэ къызолъытэ. Сабиипсэм и IункIыбзэ Iухыр къэзыгъуэтыф Тамарэ щIэх дыдэу къыдехьэх цIыкIуухэр. АбыкIэ егъэджакIуэм къигъэсэбэп Iэмалхэри хьэлэмэтщ. Дерсыр зэхэухуэнащ адыгэ таурыхъхэм, псалъэжьхэм, жыIэгъуэхэм ящыщ IыхьэхэмкIэ. Апхуэдэу Тамарэ сабийхэм ярегъэцIыху ди лъэпкъ литературэм и классикхэр, абыхэм я тхыгъэ цIыкIухэми ахэр щыгъуазэ хуещI. Къапщтэмэ, ди пщащэ цIыкIур фIы дыдэу мэпсалъэ ди анэдэлъхубзэмкIэ, усэ зыбжанэм гукIэ къоджэ, ди уэрэдхэр жеIэ, адыгэ хабзэм щыщ пкъыгъуэ гуэрхэми лъэпкъ джэгукIэхэми щыгъуазэщ. А псори щIыжысIэр си быным сыщытхъуну аракъым, атIэ а цIыкIум бгъэдэлъ зэфIэкIхэр и егъэджакIуэм зэрифIыгъэр къыхэзгъэщыну сыхуейщи аращ.

Си фIэщ мэхъу: Къарэжь Тамарэ хуэдэ хэкупсэ цIыху, егъэджакIуэ Iэзэ лъэпкъым диIэхукIэ, ди анэдэлъхубзэм зиужьынщ, ефIэкIуэнщ, щIэблэри къыдэкIуэтеинщ, анэбзэр я псэм хэлъу, фIыуэ ялъагъуу, яхъумэу. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ а егъэджакIуэм хуэдэ IэщIагъэлI зэчиифIэ гуп зэхуэзышэса икIи къызыхуэтыншэу зыгъэлажьэ унафэщIми.

Анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ Къарэжь Тамари, сабий IуэхущIапIэм и унафэщIми, абы и адрей лэжьакIуэ псоми сохъуэхъу я гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэ куэд ялъагъуу, узыншагъэ яIэу я IэнатIэр ирахьэкIыну.

**КЪУДЕЙ Мухьэмэд.**
*Шэджэм къалэ.*

Щэнхабзэ Гъуазджэ Литературэ ЩIэныгъэ Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэм» и къудамэ

# Шыхулъагъуэ



Гукъэкlыжхэр Гъуэгуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр



Хьэбалэрэ и ныбжьэгъумрэ. *1944 гъэ*



Хьэбалэ. *1949 гъэ*

# Iэрытххэр мафIэм исыркъым

2015 Литературэм и илъэс

## *Руставели Шота и «Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь» поэмэр, Бер Хьэбалэ зэридзэкIауэ*

***Анэдэлъхубзэр зи Iэпэгъуэхэм ямыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым бзэр ефIэкIуэн папщIэ зэдзэкIыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэм. Хамэбзэк Iэ дунейм щыцIэрыIуэ хъуа тхыгъэхэм сыт хуэдизу акъылыр ямытхьэкъуми, «адыгэпсэ къаIукIа» нэужь, ахэр гум пэгъунэгъу мэхъу, зи бзэр зыщIэм и гупсысэм лъагъуэщIэ къыхузэIуех, анэдэлъхубзэр упсэуху гугъэтIыс Iэмэпсымэу узэриIэр къуигъэщIэжу. Апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ зыуэ адыгэ литературэм егъафIэ куржы усакIуэ Руставели Шота и IэдакъэщIэкI «Къаплъэныфэ зыщыгъ зекIуэлIыр», усакIуэ гъуэзэджэ Тхьэгъэзит Зубер зэридзэкIар. Иджыблагъэ Руставели и тхыгъэшхуэм и зэдзэкIыгъэ щIэрыпс къытIэрыхьащ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ, драматург Бер Хьэбалэ и Iэрытхыу. И IэдакъэщIэкIым и кIэм нэмыплъысами, усакIуэм и лэжьыгъэр гулъытэ зыхуэфащэщ. Бер Хьэбалэ и къуэ Азрэт зэрыжиIэмкIэ, и адэр абы илъэс 35-кIэ елэжьауэ дунейм ехыжащ, поэмэр иухыным едзыгъуи 156-рэ фIэкIа къэмынэжауэ. Гум дэмыхьэнкIэ Iэмал иIэкъым егугъупэу зэдзэкIакIуэм ар зэритхыжа хъэтI гъэкIэрэхъуар. Нобэ ди гуапэу «Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужьыр» газетеджэхэм фи пащхьэ ныдолъхьэ. УсакIуитIым я зэдзэкIыгъэхэр зэфлъыту е мы теддзэр къызэрыфщыхъуам щхьэхуэу и гугъу къытхуэфщIамэ, дэри ди къалэмыпэр нэхъ жан хъунт, мыпхуэдэ Iэрытх ящыгъупщэжахэр зи унэ щэхуу щызыхъумэ нэгъуэщIхэри тригъэгушхуэнри хэлът ахэр утыку къэрахьэным.***

БЕР ХЬЭБАЛЭ Къантемыр и къуэр Тыжьей (Кыщпэк) къуажэм 1924 гъэм къыщалъхуащ. Хьэбалэ илъэситху ирикъуа къудейт и адэ Мэзло Къантемыр цIыху лажьэншэхэр зыгъэкIуэд политикэ залымыгъэм щыхэхуам. «Лъэпкъым и бийм» и къуэр кърригъэлын папщIэ, КIунэ (арат Хьэбалэ и анэм и цIэр) и дыщ игъэзэжри, щIалэ цIыкIур езым и унэцIэмкIэ иригъэтхащ. 1931 - 1935 гъэхэм Хьэбалэ Тыжьей дэт пэщIэдзэ еджапIэм щоджэ. Етхуанэ классым нэса нэужь, щIалэ гурыхуэр Налшык дэт, Пионерхэм я уардэунэм къедза интернатым щIагъэтIысхьащ, а зэман дыдэм макъамэ къызэрыкI Iэмэпсымэхэми хуеджэу, курыт щIэныгъэр етIуанэ къалэ школым щызригъэгъуэтащ. Музыкэ школыр къиухауэ, илъэсий курыт щIэныгъэ иIэу, Хьэбалэ Къэбэрдей АССР-м ГъуазджэхэмкIэ и IуэхущIапIэм и унафэкIэ СССР-м и щыхьэрым ягъакIуэ.

1939 - 1941 гъэхэм Берыр Мэзкуу, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ консерваторэм и музыкэ училищэм, щоджэ. А еджапIэм илъэситI щихьауэ, Мэзкуу дэт 110-нэ школым и епщIанэ классри къиухауэ, Хэку зауэшхуэр къохъей. Берыр яхэтащ бийр щыхьэрым дамыгъэхьэн папщIэ ирагъэкIуэкIа ухуэныгъэ Iуэхухэм. ИужькIэ, 1942 - 1943 гъэхэм, ар Къэрал политехникэ музейм щолажьэ, Мэзкуу метрополитеным и ухуакIуэхэми яхэтщ. 1944 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Берыр щолажьэ Мэзкуурэ Мэзкуу областымрэ Зыхъумэжыным кIэ я IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм. А IэнатIэм Iуту дзэм ираджа Хьэбалэ зауэм хэтащ, взводым и унафэщIым и къуэдзэрэ жыжьэрыуэ топхэм япэрыту. Зауэ IэнатIэм къыщыхэжаныкIа адыгэ щIалэм къыхуагъэфэщащ «Мэзкуу зэрахъумам папщIэ», «Будапешт къызэращтам папщIэ», «Прагэ хуит къызэращIыжам папщIэ» зи фIэщыгъэ медалхэри нэгъуэщI щытхъу дамыгъэхэри. 1945 гъэм Берыр советыдзэм щIыгъуу щыIащ Австрием, Румынием, Болгарием.

Дзэм къулыкъу щищIэн иуха нэужь, Берыр 1947 гъэм республикэм къокIуэж. И лэжьыгъэр зэрыщIидзар Бахъсэн банкым и инспекторущ. Ауэ игурэ и псэкIэ зытхьэкъу лэжьыгъэм ар щыпэрыхьар къыкIэлъыкIуэ илъэсырщ. Хьэбалэ ягъэуват Къэбэрдейм къафэмрэ уэрэдымкIэ и ансамблым и унафэщIу. А IэнатIэр абы иIыгъащ 1950 гъэ пщIондэ.

А илъэс дыдэм, бадзэуэгъуэм и зым, Берым КъАССР-м ТворчествэмкIэ и унэм методист-консультанту лэжьэн щыщIедзэ. Хьэбалэ и щытхъу щIэхщIэхыурэ къытехуэрт «Къэбэрдей пэж» газетым. Псалъэм папщIэ, 1951 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м абы традзащ Налшык щекIуэкIа Уэрэдым и махуэшхуэм теухуауэ: «Хьэмид» гухэлъ уэрэду Бер Хьэбалэ зэхилъхьам совет цIыхубэм я зэхущытыкIэр къегъэлъагъуэ, бзылъхугъэхэмрэ цIыхухъухэмрэ зэкъуэту Хэкур ирагъэфIэкIуэным зэрыхуэлажьэр къыхощ».

Къэбэрдейм и уэрэджыIакIуэ гупхэм я пашэу Берым гъунэгъу республикэхэр къызэхикIухьу щытащ. 1951 гъэм «Къэбэрдей пэжым» къытехуащ Дзауджикау (Владикавказ) кърατыкI тхыгъэр: «Тхьэмахуэ кIуам Къэбэрдейм и уэрэджыIакIуэ гуп нэхъыфIхэм гъунэгъу республикэм и щыхьэр Дзауджикау концерт щатащ. Бысымхэм хьэщIэхэр гуапэу ирагъэблэгъащ. Концертыр къызэIуихащ Налшык къалэм и хору Бер Хьэбалэ зи унафэщIым. Абы игъэзэщIащ «Сталиным Къэбэрдейр хуоусэ», «Хьэмид», «Дэ мамырыгъэр къыхыдох» уэрэдхэр.

Партым зэрыхэтым, Мэзкуу зэрыщеджам, макъамэмкIэ щIэныгъи зэриIэм Берым къулыкъукIэ дэкIуеину гъуэгу бгъуфIэ къыхузэIуихырт. 1951 гъэм и жэпуэгъуэм ар Ленинград ягъакIуэ, абы и консерваторэм щат курсхэм щеджэну. Ар къиуха нэужь, 1952 гъэм Хьэбалэ КъАССР-м ТворчествэмкIэ и унэм и унафэщI ящI икIи илъэсибгъукIэ а IэнатIэр зэрехьэ.

Берым и цIэр республикэм нэхъ пщIэ щызиIэ лэжьакIуэхэм ягуэту къапсэлъырейт. 1954 гъэм щIышылэм и 23-м «Къэбэрдей пэжым» етх: «Украинэр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу, Къэбэрдей къэрал тхылъ тедзапIэм игъэхьэзыращ украин усакIуэхэм я усэхэр адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ. Абы ихуащ Шевченкэ, Рыльский, Тычинэ, Малышкэ сымэ я усэхэр. АдыгэбзэкIэ усэхэр зэрадзэкIащ ЩоджэнцыкIу Iэдэм, ХьэхъупащIэ Iэмырхъан, ЩоджэнцIыкIу Нурий, Бер Хьэбалэ сымэ».

Хэт дежкIи гукъинэжщ урысыбзэкIэ утыку къихьа «Лавина с гор» бгырыс фильмыр. Абы зэрелэжьам папщIэ цIэ лъапIэ зыфIащахэм яхэтщ Бер Хьэбали. ГъэщIэгъуэнщ Берым ирата «выговор»-м и щхьэусыгъуэри: лъэпкъ фащэм теухуауэ чэнджэщ итыну зи къалэн къулыкъущIэр ягъэкъуаншэ ихъумэну кърата цейр, къамэр, бгырыпхыр «и къулыкъур къигъэсэбэпу илъэситIкIэ зэриIыгъам щхьэкIэ».

1961 гъэм и мэкъуауэгъуэм Берыр ягъэув ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщIым и къуэдзэу. Абы и ужькIэ ТворчествэмкIэ унэм егъэзэж, иужькIэ - радиом щолажьэ. 1971 гъэм Хьэбалэ «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащ, лъэпкъ театрым и унафэщI ящI икIи илъэсищкIэ пэрытщ а IэнатIэм.

Берым адыгэ литературэм щиIа увыпIэр къыхощ «Советская молодежь» газетым 1956 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м къытехуа тхыгъэм: «ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ хуэдэу, Къэбэрдейм адэжкIэ щацIыху усакIуэ, тхакIуэхэр диIэщ дэ. Абыхэм я ужь итщ усакIуэ, тхакIуэ, критик нэхъыщIэхэри»... НэхъыщIэхэм яхэту къокIуэ драматург Бер Хьэбалэ и цIэр.

Республикэ гъуазджэм и тхыдэм лъэужьышхуэ къыщызыгъэна Бер Хьэбалэ иужьрейуэ и гугъу щащIар 1993 гъэрщ. Налшык къалэ и ветеранхэм я советыр тхакIуэм и Iыхьлыхэм яхуэгузавэрт цIыхубэми хъыбар ярригъащIэрт фокIадэм и еянэ махуэм Бер Хьэбалэ Къантемыр и къуэр дунейм зэрехыжамкIэ.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**



Бер Хьэбалэ, Шахгалдян Артемий, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр. *1959 гъэ*



Композитор Къардэн Хьэсэнрэ Бер Хьэбалэрэ я гъусэр джэгуакIуэ Iэзэ Щауэжь Елмырзэщ. *1957 гъэ*



Налшык къеблэгъащ Мэзкуу къикIа хьэщIэхэр. Композиторхэу Балэ Мухьэдин, Мурадели Вано, Къардэн Хьэсэн, Новиков Анатолий сымэ я гъусэщ Бер Хьэбалэ. *1959 гъэ*



«Ленин гъуэгу» газетым кърригъэблэгъащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэнықъуей Назиррэ Бер Хьэбалэрэ. *1968 гъэ*



Хьэбалэ и къуэ Азрэт Мэзкуу къулыкъу щещIэ. Ар ялъагъуну кIуащ адэмрэ абы и ныбжьэгъухэмрэ. *1976 гъэ*



Хьэбалэ къыхуеблэгъащ Шэрджэс къэрал театрым щылажьэ артист гуп. *1987 гъэ*



Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я композиторхэмрэ тхакIуэхэмрэ Орджоникидзе щызэIуощIэ. *1959 гъэ*



«Нальчанка» ансамблыр Мэзкуу щыIэщ. Гупым я гъусэхэщ Бер Хьэбалэрэ милицэм и капитан, уэрэдус ДыщэкI Залымхъанрэ. *1968 гъэ*

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

# Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ



Куржы усакIуэ Руставели Шота

## ПэщIэдзэ

Къаруушхуэр зыбгъэдэлъу дуней нэхур зыухуам,
ГъащIэр уафэм къезыхьэхыу псэ хьэпщхупщхэм хэзылъхьам,
ЩIылъэр гъагъэу, зэщIэлыдэу цIыхухэм тыгъэ хуэзыщIам
Къаритащ пащтыхьхэм теплъэ, ещхьу Езыр зыхуеям.

Ди Тхьэу Тхьэшхуэ, уэрщ езытыр хэти теплъэ хуэфэщэн,
СытегъакIуэт сэ гугъуехьым уэ къысхуэхъуи щIэгъэкъуэн.
Сэ къысхэлъхьэт лъагъуныгъэ, сыпсэухукIэ сызысын,
СхуэщI нэхъ щабэ стелъ гуэныхьыр уэ уи пащхьэ хуейр нисхьэн.

Джатэ жаныр IэкIуэлъакIуэу ди Тамарэ хуэзыгъабзэм,
Дыгъэ нурым ехьэехуэу лIыхъужь хахуэу напэ къабзэм
И хъыбарыр фхуэсIуэтэну хулъэкIыну пIэрэ си бзэм?
Дуней фIыгъуэр къеуэлIауэ зелъытэжыр абы хуэзэм.

Ислъхьэнщ усэм сэ Тамарэ, сфIыхэлъадэу лъыпсыр нэпсым.
Япэм щыгъуи хузэхэслъхьэрт абы гимнхэр фIэфIу си псэм.
Теплъэ гуакIуэр, нэ пIащитIыр хэтт хэмыкIыу си гупсысэм,
Зыхисэнщ гум, си уэрэдым хуэдэ къабзэу, жыр маисэм.

Уэрэд гуакIуэкIэ щыгъуазэ фысщIыфам арат и теплъэм:
Напэху къабзэм, щхьэц данагъуэм, нуру щIэтым и нитI къаплъэм;
Сатыр дахэу дзэ хужьыбэр, - къыщIэлыдэу нэм, уаIуплъэм!
БдзапцIэр гъущIми, еупIэщIыфыр мывэм, Iэзэу бгъэIэрыхуэм.

Акъыл къабзэ, бзэ шэрыуэ сиIэн хуейщ ар слъэкIын папщIэ;
АтIэ сыщIыт къаруу фIэ, фIыгъуэ псори зи жыIэщIэ.
Тариэл и цIэр дгъэIунщ дэ, хуэдусынщи уэрэдыщIэ.
Яхурехъу ар лIыхъужьищу батэгъэшхэм фэеплъ папщIэ.

Тариэл бгъэинын щхьэкIэ, щIэбгъэкIын хуейщ уэру нэпс.
Къалъхуа сытми абы хуэдэу зэкIу-зэкIужу лIыхъужь нэс?!
Сэ, Руставели, си гур къиуIау уэрэд соус.
IуэрыIуатэу щытар япэм иджы сощI налкъутналмэс.

Уэрэдым сищIауэ делэ, сэ, усакIуэм, зэхызолъхьэ;
Хэку дзэ хъушэр зи жыIэщIэ гуащIэм си псэр IэщIызолъхьэ.
ЛъэкIыжIакъым си акъылым, хьэщыкъ хъуам фIокIуэдыр и щхьэр!
Е схуэфщI хущхъуэ лъагъуныгъэр, е къэфтI мащэри сыщIэфлъхьэ.

Жьгъыру защIэу мы хъыбарыр къыщежьар Иранырщ япэу.
Куржы шыпсэм хэкIуэсауэ хэтти, сщIащ зы сегугъупэу.
ИкIи зыри зэзмыхъуэкIыу ислъхьащ усэм мыр си гуапэу.
МафIэу си гур къэзыгъэплъым гу къыслъитэм хъунт сэ псапэу.

Дыгъэ нурым нэр щIисыкIми, абы Iуоплъэ хэти фIэфIу;
Гум хыхьащи лъагъуныгъэр, къыщIефыкIыр щIэтыр IэфIу.
Хэт лъэкIын-тIэ пэрыуэну, ар къэплъамэ дакъэжь мафIэу?
СфIохъур нэхъри тепщэ усэр, къыхидзауэ макъамэфIу.

ХурещIыф пщIэ къылъыс гъащIэм хэти - пыхьэу премыжьэ!
ЗауэлI хъуари щрырет хахуэу, лэжьакIуэбэр ирелажьэ.
Хьэщыкъ хъуари лъагъуныгъэм гурэ псэкIэ хурехъыжьэ,
Хьэщыкъ хъуам и суд имыщIэу и судыщIэм ар прежьэ.

Жьым я жьыжым къыщежьауэ губзыгъагъэм усэр пащI.
Тхьэм и тыгъэу ар къежьауэ мелыIычхэм зыщагъэнщI.
ЩIылъэм тетхэри а усэм едэIуэфмэ, гур IэфI къещI.
НасыпыфIэщ хъыбар кIыхьыр зыIуэтэфыр, ищIу кIэщI.

Зэрэ-тIорэ сатыритI-щы зэрихъэфмэ рифмэм хуэкIуэу,
СыусакIуэщ жиIэу, пагэу иремыжьэ, зигъэжьакIуэу.
ЗэхицIалэу хъуар купщIэншэм, хэт еджэнур и гур хуэкIуэу?
Ауэ мэгуо шыд кIиикIэу: «ЩыIэ тхакIуэ, сэ къыстекIуэу?»

Уогъэунэхур шым лъэкIынур ар гъуэгу хуит щытетым деж.
Топ джэгу гупым утыку яIэщ, ящIэн хуейри ялъагъуж.
КIыхьщ усакIуэм и гупсысэр, щикIуэтыпхъэр дэнэ деж?
И бзэр хъумэ къарууншэ, усэм купщIэ имыIэж.

Ауэ тхакIуэ Iэзэм и бзэр зыхуей лъагъуэм трешэфыр,
Гурылъ IэфIыр зы дакъикъэм дыщэ уагъэу зэIуещэфыр.
И гупсысэм бзэр темыхуэу щIидзэм, хахуэу къокIуэтыфыр.
Тогушхуэжри ар щIэрыщIэу, нэхъ гугъужми полъэщыфыр.

Дунеишхуэм тетщ зыбжанэ усакIуэшхуэу залъытэжу,
Ауэ ятхыр купщIэ нэфрэ уеджэм уи гум къимынэжу.
Ахэр хуэдэщ сабий цIыкIухэм, мэз щIыхьахэм ягу къыдэжу,
Бзу къаукIмэ, мыщэ папщIэу щакIуэ Iэзэхэу забжыжу.

ЩыIэщ усэ, уэрэд хъуарэ нэжэгужэ гупхэм жаIэу,
Щефэ-щешхэм, щыгушыIэм, щызэхуэсхэм гимну яIэу.
Хъунщ уедаIуэ абы пфIэфIу, тхауэ щытмэ къикIыр наIуэу,
УсакIуэфIкIэ дызэджэжыр тхэфырщ, и гур гъащIэм хуеIэу.

Лъагъуныгъэр къыщежьари щыкIуэдынури дэ тщIэркъым.
Псалъэу щыIэр зэхуэтхьэскIи зэи ар зэIубз тхуэщIынкъым,
Ди гум къохьэр ар тфIэIэфIу, гур хигъэщIми, Iумпэм тщIыркъым.
Нэщхъеягъэуи игуэшым нэхъ гу быдэр пэлъэщынкъым.

Лъагъуныгъэ пэж и щэхур я нэхъ Iущми къыхуэщIэнкъым.
Ди бзэр ткъутэу гугъу зедгъэхькIи, и кIэм нэс ар тхуэIуэтэнкъым.
Абы щыщу си пшыналъэм къизгъэтIасэм фIей лъэпкъ хэлъкъым.
Лъагъуныгъэ гуащIэм исым сыхуоусэр - ар емыкIукъым.

Миджнур жиIэм - хьэщыкъ къокIыр, сэ апхуэдэщ зи гугъу фхуэсщIыр.
ПэIэщIамэ ар и щIасэм, лъагъуныгъэм егъэжэщIыр.
ЩимыIэжым деж гугъапIэ, Тхьэр лъэIуапIэ хэти ещIыр.
ТхьэIухудым и зы псалъэр хэти фIыгъуэу щыIэм пещIыр.

Миджнур дыдэкIэ узэджэ хъунур дыгъэм хуэдэу къепсырщ,
Губзыгъагъэр зи жыIэщIэу хьэлэлагъыр зи гум щызырщ,
Лъэщым лъэщу пэувыфу ар жыIэщIэ къэзыщIыфырщ.
Хьэл-щэн ахэр зыхуэмыхъур лъагъуныгъэр зыхуэхамэрщ.

Хьэщыкъ хъуам дахагъэу хэлъыр и кIэм нэс къытхуэIуэтэнкъым:
Хьэлыншагъэм е къэхьпагъэм ар ебгъэщхьыкIи, хуэдэ хъункъым.
Зэпэжыжьэщ ахэр куэдкIэ - зэгъунэгъуи зым хуэщIынкъым.
И фIэщ хъууэ, мыхэр зи гум изыубыдэр щIегъуэжынкъым.

Хьэщыкъ хъуар, жиIам епцIыжу, къытекIынкъым хиша гъуэгум.
Ар и щIасэм хъум пэIэщIэ, пшагъуэ фIыцIэр тохьэр и гум.
Сыт хуэдизкIэ гугъу емыхьми, щIэтщ щIэмыкIыу пщащэр нэгум.
ЩокIыр си гур, IэфI щIэмылъу, лъагъуныгъэм ириджэгум.

Щоуэр икъукIэ абы хуэдэр хьэщыкъ дыдэ хъуам хэзыбжэр.
Лъагъуныгъэм хуэхейщ хэтми махуэ къэс хъыджэбз зыхъуэжыр.
Ар я хабзэщ щIалэгъуалэм - ящIэр захуэу, пэжу ябжыр.
И гугъуехьым къел лIыхъужьырщ лъагъуныгъэр зыгъэпэжыр.

Хэт цIыху пэжми, лъагъуныгъэм и щэху къабзэр ихъумэнщ.
Къыихьэм пщащэр щауэм и гум, ар зэшыгъуэм щыхутэнщ.
ЗэпэIэщIэу зэрыщытым лыгъей мафIэм ар хидзэнщ,
Къегуэуамэ пщащэр щауэм, гур къэплъами, зишыIэнщ.

И къалэнщ абы: гум щыщIэр имыщIыну зэи сэтей.
Пщащэ нэхум и щэху къабзэр нахуэ хъуну сыткIэ хуей?
Я гум щыщIэм, я фэм дэкIым щIытеплъэнур сыт нэ лей?
Гуауэ Iейр пщызыщIым гуапэ щхьэкIэ уэ зегъэс лыгъейм.

Лъагъуныгъэ щэху зыIуатэм жиIэр уи фIэщ дауэ пщIын?
ФIыуэ илъагъу бэлыхь хидзэу, зыхуэхъужыр хэт зэран?
Гурылъ щэхур бэм хэкIуасэм укIытэгъуэ ухэхуэнщ.
Хьэщыкъ хъуам и лъагъуныгъэр хуэбзыщIыфмэ, насып инщ.

СогъэщIагъуэр гухэлъ IэфIхэр яфIэлIыгъэу щаIуэтэжкIэ,
Хьэлэл пщащэм и щIыхь къабзэр Iуэху ящIауэ щагъэпудкIэ.
Сыт щIэпщIынур и гугъу пщащэм, ар уэ фIыуэ щумылъагъукIэ?
Бзаджэнаджэм псалъэ дыджыр егъэныщкIур езэшыхукIэ.

Хурегъ щIалэр лъагъуныгъэм, фIэмыдыджу нэпс щIигъэкIыр.
Захуэщ гъыми и щхьэ закъуэу, ару щытмэ хузэфIэкIыр.
ЩIэтщ и нэгум нуру пщащэр - гъыми, и гур къогуфIыкIыр.
ЦIыху губзыгъэм гурылъ IэфIыр гуп щыхыхьэм деж ебзыщIыр.

КъытекIыпхъэкъым усакIуэр гъуэгу хишыну зытехьам.
ХурещI тыгъэ лъагъуныгъэр фIэфIу гъащIэм къыхихам.
Хузэредзэ налкъут щыгъэу и гум лъахъэ къизылъхьам.
Фейдэ лъыхъуэ хэтын хуейкъым, тхэну и гум ирилъхьам.

Мыр зэвгъащIэ: сэ зы закъуэщ семышу сызыхуэусэр.
Сропагэр абы сэри, нэхъри сIэту и нэмысыр.
Пхъашэу щытми а бзылъхугъэр, гурылъ IэфIыр изопэсыр.
Къыхэздзауэ иджы гуэрым уэрэдыщIэ хузоусыр.

I

## Хьэрып пащтыхь Ростеван и хъыбар

Ист Аравием пащтыхьу Ростеван - лIы бжьыфIэу, хахуэу,
Хэку дзэ хъушэр и жыIэщIэу, ищI унафэр сыткIи захуэу,
Псэ хьэлэлу, акъылыфIэу, фIыкIэ цIыхухэр игъэгушхуэу.
ЛIыхъужь нэст а щхьэмыгъазэр, угъурлыт икIи ар нахуэу.



Сурэтхэр Къып Мухьэмэд ищIащ.



Игъуэтакъым нэгъуэщI щIэблэ, зыпхъу фIэкIа къыщIэмыхъуат.
ТхьэIухуду къэхъурт пщащэр, дыгъэм пакIуэ ар хуэхъуау.
Хэт Iуплъами а бзылъхугъэм, къэплъырт мафIэу хьэщыкъ хъуау.
Хэт хуэтхын ар акъылыфIэу усэфI лъагъуэм тришау?

Тинатинщ а пщащэм и цIэр - ар си гуапэу фызогъащIэр.
Балигъ хъури, пежьащ гъащIэм, дунеишхуэр дэщIэращIэу.
Зэхуешэс пащтыхьым хасэ. ЗэрылIыщхьэр фэкIэ къощIэр.
ЕгъэтIысри и бейгуэлхэр, къэрегъажьэр и гум щыщIэр.

«Фи чэнджэщ сыхуейщ сэ, къуэшхэ, фыкъысхуэхъут щIэгъэкъуэн.
Си гум илъыр езмыхьэкIыу, сыхуейщ хасэм щыжысIэн.
Хуэла розэр хадэм иткIэ, гурыфIыгъуэу сыт иIэн?
ЩIэуэ къэкIым ар пэувкIэ, я дахагъэр зэхуэдэн?

Зэщ зэритыр гъащIэр ди Тхьэм - жьы ухъуамэ, сыт IэфIыж?
Хидзэу щытмэ абы хагъуэ, гурыфIыгъуэу сыт щыIэж?
Къэсагъэнущ сэ си пIалъэр, си пкъыр нэхъри мывэу мэж.
Дыгъэ нуру къепс сипхъу закъуэм пщыгъуэр сэ хузощI гупыж».

Къат жэуап бейгуэлхэм: «Пщышхуэ, пщIэншэу уи гур уэ хогъэщI.
ЩIидзэу щытми хуалэу розэм, и мэм дэ зыщыдмыгъэнщI.
Удз гъэгъауэ дунейм тетыр а зы розэм хъункъым пэпщI.
Мазэм, хъуами и къухьэгъуэ, вагъуэм ар дауэгъу хуэмыщI.

ЖумыIэххэт хуалэу розэр - дэ къытщIехьэр и мэ IэфIыр.
ТкIийуэ щытми уи чэнджэщыр, къыпэхъункъым хамэм и фIыр.
Щрехъу нахуэ ди хэкушхуэм пащтыхьышхуэм и псэм фIэфIыр,
Ар апхуэдэу щынэхъыфIкIэ, ирехъу тепщэ дыгъэ нурыр.

Къалъхугъами ар бзылъхугъэу, къигъэщIащ Тхьэм пащтыхьыну.
ПцIы дупсынкъым: дэ ди гугъэщ унафэщIу щытыфыну,
И лэжьыгъэр дыгъэ бзийуэ хэкум нуру щхьэщытыну.
Къаплъэн шырхэр - хъуми бзыми - зэщхьыркъабзэщ. Нэгу щIэкIыну!»

Автандил - дзэпщ хахуэм и къуэр, хьэрыпыдзэм и Iэтащхьэр
ЗэщIолыдэ дыгъэ нуру, игъэбжьыфIэу пащтыхь пащхьэр.
Жыр псыхьауэ и Iэпкълъэпкъым къегъэлъагъуэ зэрылIыщхьэр.
Тинатин и зэ Iуплъэгъуэр жыр маисэу и гум хохьэр.

Хьэщыкъ хъуа лIыхъужьым и гум къоIэ щэхуу мафIэ лыгъэр.
ЩыпэIэщIэм щыгъуэ пщащэм хуэлэжыпэрт розэу гъагъэр.
ЩыIущIэжым - нэхъри гуащIэу къызэщIоплъэр игу уIэгъэр.
Хуейщ гущIэгъу гу зэхуэзыщIхэр - ажал джатэщ лъагъуныгъэр.

Ауэ адэм, хабзэм тету, пщыгъуэр и пхъум щылъигъэсым,
Автандил гу лъетэр IупщIу нэхъ зишыIэу лыгъэ зысым.
ЖеIэр: «ДяпэкIэ слъэкIынущ сыIуплъэн налкъутналмэсым,
ТIэкIу къэбжьыфIэжынщ си нэкIуу ищIар фагъуэ гухэ нэпсым».

Пащтыхьышхуэм и унафэм хьэрыпыщIыр зэлъещIыс:
«Тинатин си пащтыхьыгъуэр сфIэфIу нобэ лъызогъэс!
Телыдэнщ ар дыгъэ нуру хэт къыхуэхъуми и бгъуэщIэс.
Абы псори фигъэгуфIэу, щытхъукIэ фIэту фыкъыхуэс!»

Къохъур пщIантIэм дэз хэкудзэр - я гуфIэгъуэу хъуэхъу яIэт.
Автандили и дзэ хъушэм хоплъэр - гуфIэр нэгум щIэтщ.
Пщыхэм, уэркъхэм, бейгуэл хъушэм я нэхъыжьщ Уазир[1] Сократ
Хьэзыр тахътэр ящIри, жаIэр: «ЗиIа хуэдэ дунейм тет?»

Тинатин къыщIеш и адэм, уэсым хуэдэу хужьу теплъэр.
ЕгъэтIыс пащтыхь тIысыпIэм, щхьэретIагъэр дыщэ пыIэр.
Пщы дамыгъэу налкъут башым нэхъри лъэщ щIохъукIыр и Iэр.
Нэхъ лъагапIэу щыIэм тесу дыгъэ нурыр бэм къахоплъэр.

Дзэр, пащтыхьыр, икIуэтахэу щхьэщэ лъахъшэ пщащэм хуащI,
Къащыхъуащ гурыхь унафэр, фIым я фIыжым а зыр пащI.
МэIу пшыналъэр гум егуакIуэу, гуфIэгъуэшхуэм зеузэщI,
Ауэ пщащэм и нэкIуитIым нэпс къыфIекIуэм лъэужь щащI.

Къелъытэжыр хуэмыфащэу адэжь тахътэм тетIысхьэн.
ГупсысапIэм ар щохутэр, ауэ адэм пэрыуэн?
Адэм жеIэр: «Хабзэщ адэм и пIэм быныр иувэн.
Хабзэ хъуам сэ сепцIыжатэм, къысхуищIынти Тхьэм губгъэн».

ХуещI унафэ: «Щыгъэт нэпсыр, бжесIэр уи гум иубыдэ!
Хьэрып псом уэ я нэхъыщхьэ узощI нобэ, хъу лъэ быдэ.
Си хэкушхуэм и хъумакIуэу уэ зырщ иIэр - щIы ар быдэ,
ЩIы унафэ акъылыфIэу, лей зезыхьэм яхуумыдэ.

Удз гъэгъами щхьэлъэ фIейми щхьэх имыIэу дыгъэр топсэ;
Къулейсызми хуэкъулейми я зэхуэдэу яхуоупсэ.
Жумартыгъэм бийр елъахъэр, лъахъэ илъмэ, мэхъу нэхъ Iэсэ.
Къихьэжынущ гуэным икIыр, уимыжагъуэу птым - зегъасэ.

Уазир[1] - *министр (хьэрып)*

*(КIэлъыкIуэр 5-нэ нап.).*

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIэщIыгъуэ)

# Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ

*(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр 4-нэ нап.).*

Жумартыгъэр ди лъэпкъ хабзэщ, хьэлу хэти тхэлъын хуейщ,
Жумартыгъэм къещIыр щабэ и гур цIыхум я нэхъ Iейм.
Шхэн, ефэныр сэбэпщ, ауэ сыт щIилъынур гуэным лей?
Птам уи деж къигъэзэжынущ, умытар нэгъуэщIым ейщ».

Пхъур щIодэIур адэм жиIэм акъылыфIэу, дихьэхауэ,
Псалъэ Iущхэм хуещI гулъытэ гу губзыгъэр хуиунэтIауэ.
МэтIысыжыр адэр Iэнэм гуфIэгъуэшхуэр иублауэ.
Тинатини тесщ и тахътэм дыгъэ нуру зэщIэнауэ.

Пащтыхь хъуам, нэхъ къэгушхуауэ, адэ Iущым зыхуегъазэ:
«ЩIы унафи, Iуегъэх псынщIэу гуэну щыIэм я IункIыбзэр,
Кърегъалъхьэ мы си пащхьэм фIыгъуэу уиIэр! - Длэжьынщ хабзэр».
КърахьэлIэр хъугъуэфIыгъуэр! - Егуэш пщащэм IэфIу и бзэр.

Етыр тыгъэр щысхь имыщIэу, хьэлэлагъым къыхех ищIэр.
Хуэкъулейри къулейсызри и зэхуэдэу мэгумащIэр.
ЯжреIэр: «Сядэ Iущым и унафэщ сэ згъэзащIэр.
ИрещI нэхъри лъапIэ тыгъэм цIыхухэм нобэ фи зэIущIэр».

«КъыщIэфх, - жеIэр, - куэд зыщIэлъым, къэвмыгъанэ зыри фхуэхьу.
Амилахор[1]! КIуэи шыбзыхъуэм къэху шы гуартэ лъэрызехьэу!»
Къаху шыр хъушэу, къахь жыхуиIэр, егуэш мылъкур, ет щымысхьу.
Дзэм зэрапхъуэр хъугъуэфIыгъуэр зэрыпхъуакIуэ гупым ещхьу.

Шагъдий гуакIуэри дагъакIуэр ипIар адэм елIэлIапэу,
Зэрызохьэр цIыхур мацIэу, къаIэрыхьэр зэщIащыпэу.
Етыр тыгъэр берычэту дыгъэ нурым, псэм фIэгуапэу.
Къигъэнакъым цIыху Iыхьэншэу, игуэшащ мылъку хъушэр псапэу.

Зэхэтщ екIуу гуфIэгъуэшхуэр, макIуэр махуэр нэгузыужьу
Бгъэдэсщ Iэнэм хэку дзэ хъушэр, ефэ-ешхэр щIагъэхуабжьэу.
Ауэ щысщ нэщхъейу тхьэмадэр, телъу пшагъуэр гуауэ ныбжьу,
Щысхэм жаIэр зэIущащэу: «Зиусхьэныр нэщхъейщ хуабжьу».

Автандили дыгъэ нуру зэщIэлыдэу бэм яхоплъэ,
IэкIуэлъакIуэуи зегъазэр дзэпщым, гуакIуэщ, екIущ и теплъэр.
Сократ Iущри къыбгъурысщи, щэху зищIау абы къопсалъэ:
«Сыту пIэрэ апхуэдизу тепщэр нобэ хэзыгъаплъэр?»

«И тетыгъуэм нэгу щIэкIахэр игу къэкIыжу къыщIэкIынщ.
Армырамэ гуфIэгъуэшхуэм сыткIэ хуейт ар нэщхъеин?»
Автандил Сократ жреIэр: «Ар дыхуеймэ, къэтщIэфынщ,
ДыгушыIэурэ нэхъыжьым и гум щыщIэр зэдгъэщIэнщ».

ЛIыхъужьитIым нэжэгужэу зыкъаIэтыр жаIам тету.
Дыщэ фалъэхэм из ящIри, пщым бгъэдохьэ зэбгъурыту.
Щхьэщэ хуащIри бгъэдотIысхьэ, я гушыIэр япэ иту.
Уазир жьакIуэщ утыку ихьэм, - псэлъэн щIедзэр къимыкIуэту:

«Унэщхъейщ нэхъыжьыр хуабжьу, уи щытыкIэм гур хегъэщI,
Ау узахуэщ: берычэтым гущIэгъуншэу куэд пфIыхощI.
Мылъкум уи пхъур хуит хуэпщIауэ гуэну уиIэр къеунэщI.
Лъыбгъэсау абы тетыгъуэр нэщхъеягъуэр гъусэ уощI».

КъедэIуащ абы пащтыхьыр, игъэщIагъуэу зэхихар.
ФIэтелъыджэ хъуащ апхуэдэу къепсэлъэн дзыхь зэращIар.
«Ар фIы дыдэщ!» - жеIэр гуапэу, фIэкъабылу пхъум ищIар, -
Хэт силъытэми къэзэру, - пцIыщ, делагъэщ къиву хъуар.

Сэ аракъым, Уазир, нобэ си гум къеуэр, - уи фIэщ гъэхъу!
ЕпIэщIэкIыу кIуащ щIалэгъуэр, сэ, кIуэ пэтми, нэхъ жьы сохъу.
Сэ щызиIэкъым къэралым лIы хуэдэлIу зы цIыхухъу
Пащтыхьыгъуэр сырипагэу зэст хъун. Ар си жагъуэ мэхъу.

Мо пхъу закъуэрщ сэ сиIэххэр, - спIащ ар згъафIэу, мес, къэхъуащ.
Алыхьталэм, - си мыгъуагъэт, - къуэ зритым сыхинащ.
Шабзэ дзынкIи, топ джэгункIи сэ къыспэхъу щыIа? Флъэгъуащ.
Автандил хъунщ тIэкIу сэщхьынкIэ, - зыгъэсари хэт? - Сэращ!»

Автандил мамыру щысу тепщэм жиIэм едэIуащ,
И пащIэкIэм щIэгуфIыкIыу тIэкIу еплъыхри дыхьэшхащ.
Дзэ хужьыбэм къапих нурым дунейр нэхъри нэху къищIащ.
«Сыт къэхъуар, ущIэдыхьэшхыр? - жиIэу тепщэр къеупщIащ, -



Тхьэ пхузоIуэр, жысIа псалъэм зы хэмыткIэ дыхьэшхэну!»
Автандил къопсалъэр: «Пщышхуэ! БжесIэнщ пэжыр, уедэIуэнум,
Зыгъэгусэ, губжь хэмыту, къэкIыр си гум жызбгъэIэнум;
Емызэгъыу ар къэплъытэу уи гум дыджу къимынэнум».

Тепщэм жеIэр: «ЖыIэ, жыIэ узыхуейр, е къизгъэкIынкъым.
Тхьэ пхузоIуэр ТинатинкIэ! СэркIэ ар тхьэлъанэ цIыкIукъым».
Автандил къыпещэр: «НетIэ жыпIа псалъэр сфIэтэмэмкъым,
Джатэм тIэкIу уэ урипагэу гу лъыстащи - уэзгъэкIуакъым.

Автандил, - уи пщылIым, пщышхуэ, лъэщу джатэр егъэбзэфыр.
Щотхъуж и щхьэм - «Сэ къыстекIуэ дунейм теткъым!» - жызыIэфыр.
Хэт лIыхъужьми, сыт хулъэкIми - утыкущ ар зыгъэунэхуфыр.
Дызпихьэнщ баз, дзэр щыхьэту, - зэхэкIынщ дэ тIум щэкIуэфыр».

Тепщэм жеIэр: «Къыспеуэну зи мурадым сэ хуэздэнкъым.
ЗыдощIылIэр зэхьэзэхуэ! КIэ имыIэу дувыIэнкъым.
ЦIыху зытIущ щыхьэту тшэнщи текIуар хэтми ябзыщIынкъым.
ЛIыгъэ зиIэр маиданым[2] щыхъуху нахуэ сикIуэтынкъым!»

Хэку пащтыхьым и унафэр Автандил фIэзахуэу къещтэ.
Баз зыфIахьым махуищ щхьэпцIэу къикIухьыпхъэуи къалъытэ.
Абдеж псалъэм кIэ щратыр, ефэ-ешхэр къыщIаIэтэ.
ГуфIэгъуэшхуэм зеузэщIыр, я пшыналъэм егъэш батэр.

Тепщэм ещI унафэ: «ТщIыгъуу шу пщыкIутI нэхъ хахуэу тшэнщ.
Сагъындакъхэр тхуаузэдыну цIыху пщыкIутIи зыщIыдгъунщ.
Шермадин - а уэ уи пщылIым, хэт хулъэкIми хулъэкIынщ.
Дэ тIум хэтми нэхъ шэрыуэр ахэм фIыу зэхагъэкIынщ.

АдкIэ щакIуэхэм жреIэ: «Фэ мэз щIагъыр къыщэфщыкI!
КъыдэфхулIэ щIэсу хъуар дэ, - зы сатырым хремыкI!»
Щрет ди дзэри хьэзыру, - зы псэущхьэ блэвмыгъэкI».
ГуфIэгъуэшхуэр ягу пымыкIыу хэку зэIущIэр зэбгрокI.

## II
## Ростеванрэ Автандилрэ щакIуэ щыIэщ

Нос лIыхъужьхэр щыхьэр унэм, нэхущ вагъуэр зэрыбзэхыу,
Теплъэ дахэу, зэкIу-зэкIужу, дыгъэ нурыр къыщхьэщихыу,
Iэщэ-фащэр зыщIэцIууэу и плIэипхъуэр екIуу ехыу,
Поплъэ ар пащтыхьым, и пщIэгъуалэм лъэр зэблихыу.

ЩакIуэ кIуэнухэм заIэтыр хэку пащтыхьыр япэ иту.
Зрагуашэр сатыр дахэу губгъуэ иным зэбгъурыту.
Уэредадэм зыкъеIэтыр екIуу кIуэхэм я лъэм щIэту.
Я шабзэшэхэр золъатэ, хэт техуами пхрылъэту.

Ростеван унафэ ещIыр: «КъытхуэвгъакIуэ пщыкIутI щакIуэ,
Дыхуей щыхъум тхуаузэдыну сагъындакъхэр IэкIуэлъакIуэу!
Къабжынщ ахэм щэкIуэн духмэ, къэдукIар лей ямыгъакIуэу».
КъыщIаху мэзым хьэкIэкхъуэкIэр цIыкIуи ини къыздагъакIуэу.

ХьэкIэкхъуэкIэу зэхэзежэм къыпхуэщIэнкъым иIэр бжыгъэу.
Щыхьхэм, мэлхэм, мэзбжэн Iэлхэм бгым зыщадз, къелын я гугъэу.
Ростеванрэ Автандилрэ, пэлыдыжу зым зыр дыгъэу
Зрач зэуэ, хуэшэрыуэу яутIыпщ шабзэхэр, гур загъэу.

Яшхэм сабэ зэщIаIэтэм ищIащ фагъуэ дыгъэ къепсыр.
КъаукI, щIэуэ яузэд шабзэр, псыхьэлыгъуэу мажэр лъыпсыр.
Сагъындакъхэр нэщI зэрыхъуу, зыузэдхэр пIащIэу къосыр.
ХьэкIэкхъуэкIэхэми я псэм шабзэ жану лъар лъоIэсыр.

Къажыхь гужьея псэущхьэм, итщ зыр кIэщIу зым иужь.
Маиданым лей щалэжьым Тхьэ бэшэчыр къегъэгубжь.
Губгъуэ щхъуантIэр напIэзыпIэм хъуащ хэпщIыкIыу лъы лъэужь,
«Автандил, ууейщ жэнэтыр, - жаIэр еплъхэм, - Уэт лIыхъужь!»

ЗэлъащIысри бгыри уэхри, щэкIуэн щакIуэхэм яухыр.
БгитI зэхуакум дэту аддэ къикъуэлъыкIыу псыр щожэхыр.
ХьэкIэкхъуэкIэхэр мэз Iувым щIолъэдэжри загъэбзэхыр.
Еша пэтми зэпеуитIыр, я бжьыфIагъым удехьэхыр.

Зэрэ тIорэ трагъазэу зэраIуэкIыр: «Сэрщ текIуар!»
Я гуфIэгъуэщ, мэуэршэрхэр я нэгу щIэту махуэ кIуар.
Аурэ пщылIхэр къызэхуосыр жаIэжыну ялъэгъуар.
Тепщэм жеIэр: «Иджы жыфIэт, евмыхьэкIыу нэгу щIэкIар!»

Жэуап къатыр: «ЖытIэнщ пэжыр! ПцIы тхуэщIынкъым нэгу щIэкIар,
Ауэ тщIэркъым а лIыхъужьыр щэкIуэгъу тепщэм уэ щIэпщIар:
Ухуейм дыукI зэшэзэпIэу, ауэ пцIыкъым къыптекIуар,
БлигъэкIакъым къимыукIыу хьэкIэкхъуэкIэу зытеплъар.

Хуэвгъэбагъуэт тIощIыр зы щэм! Апхуэдиз фэ къэвукIащ.
КъэвукIам зы тIощI щIигъуну Автандил хузэфIэкIащ.
ЗэфIидзами Iэзэу шабзэр, емылIалIэу иутIыпщащ.
Уи шабзэшэхэм ятIагъуэу кIэрыпщIам гугъу дыдехьащ».

Ростевани пщылIхэм жаIэм щIодэIукI и гуапэ дыдэу.
Зыгъэсам и дежкIэ фIыгъуэщ игъэсар къэхъуам лъэ быдэу.
Къуалэбзум гу хуещIыр розэм, ипIа шырым ар хуигъадэу.
ФIахьа пэтми, ар мэгуфIэ, Автандил хущытщи адэу.

ЗыщIагуашэ жыг щIагъ жьауэм я щхьэр дыгъэм щахъумэну.
Зэхэсщ щакIуэхэр гуп-гупу зыр зым нэхърэ нэхъ бжьыфIэну.
Зэбгъурысщ лIыхъужьхэр екIуу нэгу щIэкIахэр яIуэтэжу
Зэм дэплъейуэ бгыщхьэ папцIэм, зэми псым хэлъ мывэр ябжу.

## III
## Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужьым хьэрып пащтыхьыр зэрыIущIам и хъыбар

ЛIыхъужь гуэр къолъагъур аддэ, къепыгъэхыу псым щхьэщысу
Зэ Iуплъэгъуэм ар къыпфIощIыр къаплъэнышхуэ псыхъуэм дэсу.
Къыщхьэщытщ абы шы къарэ налкъут щыгъэр и Iэпслъэпсу.
ЗэщIигъащтэу и пкъыр розэм къохыр жэпыр гуауэ нэпсу.

Къаплъэныфэ щыгъщ и фащэу, цыр и щIыIукIэ къэгъэзауэ.
А фэ дыдэм къыпачауэ щхьэрыгъщ пыIэ тегъэсауэ.
ЩIопщ гъумыщIи IэщIэлъщ и Iэм, хамэ щIыпIэ гуэр щащIауэ.
Зэхэсщ гупыр зэчэнджащэу, гъэщIэгъуэн ар къащыхъуауэ.

ХуащI хамэлIым абдеж лIыкIуэ, хэтми ар зэхагъэкIыну,
Ауэ лIыхъум хулъэкIакъым щхьэр къиIэту кIуам къеплъыну.
Дыхьэрэну и нэкIуитIым къожэх нэпсыр хы толъкъуну.
Нэхъ гъунэгъу зищI пэтми пщылIым, лъэмыкI ар къигъэпсэлъэну.

Диящ, псалъэ хужымыIэу, бгъэдэтщ кIуар абы кIэзызу.
Щытащ куэдрэ ар Iэнкуну хуиту и бзэр къыдэмыбзу.

ИкIэм жеIэр: «Хуейщ Пащтыхьыр...» ХужыIари арщ зэIубзу
Зы илъагъуркъым лIыхъужьым, магъ нэбжьыцкIэ нэпсыр изу.

КъыгурыIуэркъым зы псалъэ; сыт абы уепсалъэкIэ?
БгитI зэхуакум дэт дзэ хъушэм еплъыххакъым ар нэбгъузкIэ.
КъыщIэнауэ мафIэ лыгъэр ис къыпфIощI абы уеплъыхукIэ.
КъыщIотIкIукIыр нэ пIащитIым гуIэ нэпсыр лауэ лъыпскIэ.

И акъылыр щыIэу жыжьэ ар зыгуэрым щIогупсыс.
ЛIыкIуэу кIуами пщы унафэр лIыхъум игу хунэмыгъэс.
ЗэхимыхIау абы зыри, щысщ щIегъэжри уэру нэпс
ЗэтепIащ и Iупэр розэм щымыIэжу зыщIэхъуэпс.

Жэуапыншэ щыхъум, пщылIым IуегъэзыкI къэхъуау нэщхъей.
ЖреIэж Ростан: «А слъагъум уицIыхуну къыпхуэмей.
Фэуэ тетщ ар лIым я лIыжу, - зэ Iуплъэгъуэм уегъэдий.
Жэуапыншэ хъуащ си псалъэр, жесIа пэтми ар щэней».

КъызэщIоплъэр хэку пащтыхьыр, игу щIыхьауэ хъыбар щIыIэр.
Къыхеш и дзэм лIыхъужь защIэу цIыху пщыкIутIи яжреIэр:
«Хьэзыр къэфщIыт IэкIуэлъакIуэу фэ лIыхъужьхэм Iэщэу фиIэр,
КъызэфшалIэт мор лъэщагъкIэ, сызэджауэ къысхуэмыкIуэр!»

Ягъэдалъэу джатэр пщылIхэм, щIадзэр лIыхъум ебгъэрыкIуэу.
Абы щыгъуэщ зыкъищIэжу къащыхэплъэр нэкIуэпакIуэу.
Зэпиплъыхьмэ Iэгъуэблагъэр, иувыкIауэ щытщ дзэр пакIэу.
«Сыту сэ сынасыпыншэт!» - жеIэр нэхъри и гур къекIуэу.

И Iэр хьэлъэу хуехьри нэкIум, нэпсыр хуэму щIелъэщIыкI.
Iэщэ-фащэр зэпеплъыхьри, и къарур нэхъ къызэрокI.
Зым зы псалъэ жримыIэу шым мэшэсри IуегъэзыкI.
Къызэхенэри кIуа гупыр гъуэгу пхыдзамкIэ кIуэцIрокI.

«Зэ къэувыIэт!» - жаIэу, пщылIхэр итщ и ужьым зэрызехьэу,
Ау лъэщIыхьэм удын хьэлъэр игъуэтау мэгъуэлъыр пыхьэу.
Зэгуегъэху зытехуэр щIопщым, джатэ жану къупщхьэм хыхьэу.
ЗимыIуэху зезыхуэ гупым къалъегъэс удын гущIыхьэу.

Къогубжь нэхъри пщым я пщыжыр. Дзэр илъыну йоувыкI.
КъызэплъэкIыркъым лIыхъужьыр, - дзэр пхъэрауи игу къэмыкI.
КъылъэщIыхьэм кIэ иретыр, зэуам тэджыжын лъэмыкI.
Арт Ростан и нэгум щIэлъри, зы сыхьэтым и нэгу щIокI.

Автандилрэ Ростеванрэ кIэлъыщIопхъуэр я жагъуэщIым.
ЛIыхъужь хахуэри зэкIужу мажэр тесу шы фэрыщIым.
Зэбгъэщхьынур вагъуэижу зи гъуэгуанэм хэзыгъэщIырщ.
Къелъагъу дзэм пащтыхьыр хэту. Дзэри ещхьщ бжьэматэ къэпщIым.

КъызэрищIэуэ пащтыхьыр иужь иту - шыр щIегъэIэр.
Зегъэбзэхыр напIэзыпIэм къахуэмыщIэу ар здэщыIэр.
«ЩIыр зэгуэхуу дэмыхуамэ, тлъагъунт тету дунейм!» - жаIэ.
Къамыгъанэу лъэ дэупIэ щIащыкI щIылъэр, гъуэгуу щыIэр.

Лъыхъуащ куэдрэ ахэр пщIэншэу, - ялъэкIакъым къагъуэтыну.
Къэхъуар псоми ягъэщIагъуэ: «Гъуэбжэгъуэщкъым ар кIуэдыну!»
ЛIар зауэлIхэм ягъеижыр. Хъуар уIэгъэ яхь япхэну.
Тепщэм жеIэр: «Ди гуфIэгъуэм къысфIощI нобэ дыкъибгынэу.

НасыпыфIэу къэдгъэщI гъащIэм арэзы техъуакъым дыгъэр.
Арщ щIытхуищIыр кIагъэпшагъэ ди псэукIэ дахэу гъагъэр.
Нэщхъеягъуэу къыстегуплIэм солъагъу хэту си лIэныгъэр.
Ауэ Тхьэм ар фIэкъабылмэ, къыIызох абы и тыгъэр».

Ахэр жеIэри зегъазэр, нэщхъей дыдэ ар къэхъуауэ.
Щыблэм хуэдэу къочэ и гур, Iуэху мыхъумыщIэм къигъэплъауэ.
Щагъэтыжыр щэкIуэн пщылIхэм, къэхъуар я гум щIыхьэпауэ.
Хэти жеIэр: «Хъуащ ар!» Хэти щытщ, къэхъуар и жагъуэ хъуауэ.

И гум пшагъуэр тегъуэлъхьауэ тепщэр унэм нэсыжащ.
Къуэуи къуэшуи абы иIэр Автандилти ириджащ.
Зэхуэсыжхэркъым цIыху щIэсхэр, щыхьэр унэр нэщI къэхъуащ.
ТекIуащ гуауэр гуфIэгъуэшхуэм, - я пшыналъэр зэпыуащ.

Адэр гуауэм зэрыхэтыр Тинатиным къызэрищIэу
КIуащ и адэм деж IущIэну, дыгъэ нурым дэщIэращIэу.
«Жейрэ хьэмэ щIэс бейгуэлхэр?» - жеIэр ядэм ар щIэупщIэу.
ПщылIхэм жаIэр: «Щысщ нэщхъейуэ, гуауэ хьэлъэм къыхигъащIэу.

Автандил бгъэдэсщ уи адэм, а зырщ щIэсыр иджыпстукIэ.
ЛIыхъужь гуэр хуэзати нобэ, хэтщ гупсысэм абы щхьэкIэ».
Тинатиным жеIэ: «Хъунщ-тIэ! СыщIыхьэнкъым мысыхьэткIэ.
«КъэкIуат», - жыIэ, - уилъагъуну», - къоупщI хъумэ ар иужькIэ.

Тэлай докI, пащтыхьым жеIэ: «Дэнэ си пхъур зыдэщыIэр?
Хуэхъунт хущхъуэ си гукъеуэм дунейм фIыгъуэу сэ щызиIэр».
«КъэкIуат нэхур уилъагъуну. Ауэ гуауэ узэриIэр
КъызэрищIэу, нэщхъей къэхъури, ныщIэмыхьэу кIуэжащ», - жаIэ.

*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

---

**Амилахор**[1] - *пащтыхьым и шыхъуэ нэхъыщхьэщ.*
**Маиданым**[2] - *утыку, зэхуэсыпIэ, щызэхьэзэхуэ.*



*Сурэтхэр* **Къып Мухьэмэд** *ищIащ.*

● Хэхэс адыгэхэр

# 1908 гъэ, бадзэуэгъуэм и 23: лъэпкъым и насыпым къыщигъэза махуэ

***Дэтхэнэ лъэпкъми и тхыдэм кIуэдыпIэу е насып къэгъэзапIэу къэгъэшыпIэ махуэхэр хэтщ. Адыгэм дежкIэ ар 1864 гъэм накъыгъэм и 21-рщ. Лъэпкъымрэ адэжь щIыналъэмрэ зэпэIэщIэу, Хэкур бынщIэлIэрэ лъэпкъым и нэхъыбапIэр КавказымкIэ ибэу а махуэм щегъэжьауэ дыкъэнащ.***

***Апхуэдэ дыдэу 1908 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-р насып къэгъэзапIэу убж хъунущ Уэсмэн империем ис адыгэхэм я дежкIэ. А махуэм езы къэралыгъуэми ифI зэкIа, ЕтIуанэ МэшрутиеткIэ зэджэ демократ гъэпсыкIэр къыдахащ. Абы и фIыгъэкIэ адыгэхэм Iэмал ягъуэтащ «Адыгэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэ», «Адыгэ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэ» яухуэну, «Гъуазэ» газет, «Ди анэ» журналыр къыдагъэкIыну.***



Тырку литературэм и классик Хьэгъур (Мидхьэт) Ахьмэд *(1844 - 1913 гъгъ.)*



Дзэзешэ цIэрыIуэ Анчокъуэ Азнаур *(1873 - 1921 гъгъ.)*



ТхакIуэ Щхьэплъы Зубейдэ



Тхыдэтх, дохутыр Iэзэ Гусэр Уэсфий *(1895 - 1978 гъгъ.)*

## ЕтIуанэ Мэшрутиетыр зищIысыр

ЕТIУАНЭ Мэшрутиетыр къэунэхуным ипэкIэ Уэсмэн къэралыгъуэм нэрыбгэ зытIущ къихьэныр щышынагъуэт. ЦIыхуитIым я зыр бзэгузехьэт, щым щыщу тIур тIасхъэщIэхт. ЦIыхуищ къэралым къихьамэ, яубыдырти, гугъу ирагъэхьырт. Къэрал IэнатIэ зыIыгъхэм ящIами утепсэлъыхь, уеблэмэ я гугъу пщIы хъунутэкъым. ЦIыху къызэрыкIуэм и къалэныр тепщэм и унафэр игъэзэщIэным деж щиухырт. Къэралым дзыхь хуащIын дэнэ къэна, цIыхухэм езыхэм дзыхь зыхуамыщIыж, я Iыхьлыхэм, я бынхэм нейуэ еплъ хъуат. А псом къегъэлъагъуэ зи гугъу тщIы демократ зэхэтыкIэ «ЕтIуанэ МэшрутиеткIэ» зэджэм и уасэр. ЦIыхухэм я гупсысэхэр утыку кърахьэф, газет, журнал къыдагъэкIыф хъури, лъахъэ зэрылъа бзэм, псыежэх уэрым хуэдэу, зыкъитIэтат а лъэхъэнэм.

Унэм щIэубыдауэ яIыгъа бзылъхугъэхэр ЕтIуанэ Мэшрутиетым и фIыгъэкIэ цIыхубэ гъащIэм хыхьащ. А зэманым цIыхубз хасэ куэд къызэIуахащ гурыщIэ щхьэхуэхэм - щэнхабзэм, политикэм, зэдэIэпыкъуныгъэ Iуэхухэм теухуауэ, газет, журналу 32-м нэс къыдагъэкIащ.

Бзылъхугъэ хасэхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжырт цIыхубзхэр щIэныгъэм къыхуэгъэушыныр, я IэпэIэсагъэм зегъэужьыныр, цIыхубэ гъащIэм къыхэшэныр. Уэсмэн империем политикэ IуэхукIэ тетыгъуэр щызыIыгъыр «Зэкъуэтыныгъэ зыужьыныгъэ хасэрат» (Iиттихьад ве теркъкъи джэмиети), ЕтIуанэ Мэшрутиетыр къыдэзыхари зыгъэувари арат. Кемал Мустэфаи адыгэ куэди хэтащ абы. Ди «Адыгэ бзылъхугъэ хасэри» а зэманым къыздихьахэм ящыщщ.

### «Адыгэ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ Хасэм» и къызэгъэпэщакIуэхэр

МЫ ХАСЭМ теухуауэ нобэрей тыркубзэкIэ щыIэ тхыгъэхэр нэхъыбэу зи Iэдакъэщiэкiыр Гусэр Уасфийщ. Ар 1895 гъэм Истамбыл къыщалъхуащ, Иорданием, Сирием, Истамбыл щеджащ. Адыгэбзэ ищIэртэкъым, ауэ тыркубзэм нэмыщI хьэрыпыбзэмрэ франджыбзэмрэ хуэшэрыуэт. Микробиологиемрэ уз зэрыцIалэхэмкIэ дохутырт. Хасэ куэдым хэтащ, журнал, газет зыбжанэ къыдигъэкIащ, «Гъуазэ» газетри япэу щытлъэгъуар абы и дежщ. Абы ихъумахэм фотокопие тредгъэхри, 1971 гъэм «Гъуазэм» и къыдэкIыгъуэ зыбжанэ Хэкужьым ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КхъуэIуфэ Хьэчим сымэ къедгъэшауэ щытащ. Гусэр Уасфий 1978 гъэм Истамбыл дунейм щехыжри, абы щыщIалъхьэжащ.

«Адыгэ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэр» 1908 гъэм яухуауэ щыта. «Адыгэр зы хъужыным хуэлажьэ хасэм» и жьауэм щIэтут ар зэрызэхаублар. Иужьрейр зыухуахэм яхэтащ генерал Мэт-ВынатIэкъуэ Юсуф Иззэт-пэщэр.

Хасэр къызэзыгъэпэщахэр адыгэ цIыхубзитху мэхъу: Хъунджэхэ япхъу Хъейрие-Мелэч; Бэрзэджхэ япхъу Макъбулэ; Залокъуэхэ япхъу Эминэ-Рэшид; Пэхъухэ япхъу Сеза; зи унэцIэр ипэжыпIэкIэ дымыщIэж, ауэ Уэлэгъейуэ хуэдгъэфащэ ФаIикъэ-гуащэ. Мы цIыхубзитхур «Адыгэр зы хъужынымкIэ зэдэIэпыкъу хасэми» жыджэру хэтащ.

**Хъунджэ Хъейрие-Мелэч** 1896 гъэм Маньяс къалэжьейм епха Хьэжыуэсмэн (Хъунджэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Истамбыл франджы лицейр къыщиухащ. 1908 гъэм къыдаха Мэшрутиет зэхэтыкIэм и фIыгъэкIэ цIыхубзхэм яхуэгъэзауэ къыдагъэкIа журналхэу «Мэхьасийн» (Дахагъэ») -1908-1909 гъгъ.; «Мусаввер къадын» («Сурэтым хуэдэ цIыхубз») - 1911 гъэ; «Тырку Хэку» («Тюрк Йурду»); «Гъуазэ» газет - 1911-1914 гъгъ. хуэдэхэм абы и тхыгъэхэри и усэхэри къытрадзащ. ЦIыхубз еджа-гъэсауэ щытащ, тыркубзэм нэмыщI франджыбзэ, адыгэ, убых, абхъазыбзэхэр фIыуэ ищIэрт. Тегушхуэрэ ерыщагъэрэ зыхэлъ, зэфIэкI зиIэ цIыхубз хъарзынэт, адыгэ цIыхубзхэм ящыщу япэу тхакIуэ хъуар арат. Рассказхэм, эссехэм нэмыщI, роман зыбжани итхащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщу дызыщыгъуазэр тIу къудейщ: «Зехьрэи Iэлэм» («Гуауэ гъагъэ», 1910); «Зайнэб» (1926). Хъейрие-Мелэч 1919 гъэм Мэт-ВынатIэкъуэм дэкIуэри, ар псэухукIэ и щхьэгъусэу щытащ. Ар дунейм ехыжа нэужь, 1931 гъэм Нэмитокъуэ



«Гъуазэ» газет. *(1911 гъэ)*



«Адыгэбзэ» газет. *(1919 гъэ)*

Айтэч дэкIуэжри, лIэжыхукIэ абы и щхьэгъусащ. Хъейрие-Мелэч 1963 гъэм Истамбыл щылIащ.

**Пэхъу Сеза-гуащэ** генерал Назми-пэщэмрэ Мелэч-гуащэрэ япхъущ. Университетым щIэсу, «Адыгэ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэм» и ахъшэзехьэу, «Адрейхэм ефIэкI адыгэ уней еджапIэм» и унафэщIу, географиемкIэ егъэджакIуэу ягъэуват. ЦIыхубз еджа-гъэсахэм ящыщщ, нэгъуэщI хасэхэми хэтащ. ЕджапIэм и тхьэмадэу зэрыщытам къыхэкIыу, фашист политикхэм езыхэм я телъхьэу щымытхэр щхьэпылъэ ирагъэщIын мурадкIэ зэхаша «Щхьэхуитыныгъэ судым» иIыгъахэм ящыщщ. Сеза генерал Iучер Хьэкъкъы-пэщэм дэкIуэгъат, ауэ ар пасэу дунейм ехыжри, езыр ныбжьыщIэ дыдэу фызабэу, быни имыIэу къэна пэтми, дэкIуэжакъым. 1990 гъэм щэкIуэгъуэм и 20-м Истамбыл дунейм щехыжри, Зинджирликуйу кхъэлъахэм щыщIалъхьэжащ.

**Залэкъуэ Эминэ-гуащэр** генерал Рашид-пэщэм и щхьэгъусэт. ГушыIэ дахэ зыхэлъ цIыхубз губзыгъэ IэкIуэлъакIуэт. Бэрзэдж Макъбулэ-гуащэр Мустэфа Кемал и цIыхугъэфIу щытащ, Меджлисым и депутат Къансу Мэзхьар-Муфит и щхьэгъусэт. Уэлэгъей ФаIикъэ-гуащэри Мысыр щыщ адыгэлI, генерал Черкес Исхьэкъ-пэщэм и щхьэгъусэт. Хасэр къызэрагъэпэща нэужь, япэ зэхуэсыгъуэм щагъэнэхуащ Хъунджэ Хъейрие-Мелэч унафэщIу, Пэхъу Сеза ахъшэзехьэу, Залэкъуэ Эминэ секретару лэжьэну.

### Мурадхэмрэ IуэхущIафэхэмрэ

АДЫГЭ тхьэмыщкIэхэм зыхуэныкъуэмкIэ ядэIэпыкъун, сабий зеиншэхэр щаIыгъын унэ къызэIухын, цIыхухэр егъэджэн, гъэсэн, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьын – апхуэдэ мурадхэрат «Адыгэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэм» къалэну зыхуигъэувыжхэр. Ахэр яхузэфIэкIын папщIэ, концертхэр, спектаклхэр ягъэлъагъуэрт, газетхэр, журналхэр, тхылъхэр къыдагъэкIырт. А псом къыдэкIуэу, нэхъ зыхущIэкъуахэм ящыщщ еджапIэ къызэIуахыу адыгэ сабийр лъэпкъ щэнхабзэм тету, я анэдэлъхубзэ яIурылъыжу, щэныфIэу, Хэкуми лъэпкъми яхуэщхьэпэ цIыхуу къагъэхъуныр.

Хасэм и Iуэхур дэхуэхахэм ядэIэпыкъуным и деж щыувыIэртэкъым. Нэхъыщхьэу къалъытэр дэхуэхахэр адэкIэ зэрыпсэун IэпэIэсэныгъэ, щIэныгъэ, лэжьыгъэ зригъэгъуэтыфыным хуигъэхьэзырынырт. А еплъыкIэм тету хасэр хуейт цIыхухъухэри бзылъхугъэхэри зэкIуалIэ лэжьапIэ-гъэсапIэ, дэрбзэр, хэдыкIакIуэ, щэкI зэIущакIуэ, дыщэкI, дыжьыныщIэ хуэдэхэр щагъасэ кIыщхэр къызэIуихыну. Абы тету Бешикташ хьэблэм къыщызэIуихауэ щыта адыгэ уней еджапIэ хигъэуват зы дэрбзэр IуэхущIапIэ, цIыхубзхэм а IэщIагъэм зыхуагъасэу, хуейм щыгъын-фащэ, бостей, нысэджанэ щыхуаду, къыхэкI ахъшэр хуэныкъуэхэм хуагуэшыжу.

Хасэ хабзэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лирэм и Iыхьэ тхуанэ псапэу хэзылъхьэфыр хасэм хэтыну хуитт. Къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс фIэкIа мыхъуауэ, хасэм Истамбыл и Бешикташ-Акаретлер хьэблэм дэту зы еджапIэжь къыщищэхужри, «Адрейхэм ефIэкI адыгэ уней еджапIэ» фIищыжауэ щытащ. А еджапIэр гъэщIэгъуэнт, нэгъуэщIхэм я дежкIи щапхъэт. Япэрауэ, абы илъэсихкIэ ущеджэ хъурт, пэщIэдзэ-курыту зэхэту. Уэсмэн империешхуэм щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зы унэм щIэныгъэ щагъуэту къызэIуаха япэ муслъымэн еджапIэт ар. Илъэси 4 - 6 фIэкIа мыхъу сабийхэм папщIи зы гупи хэтт абы. Уэсмэн империем апхуэди щыIакъым абы и пэ къихуэу. Латин хьэрфхэмкIэ япэ дыдэу щрагъэджа еджапIэу зэрыщытар щIыбгъужмэ, гурыIуэгъуэмэхъуабыикъызэIухыныр а лъэхъэнэм щыIа дуней еплъыкIэм тещIыхьауэ, революцэкIэ узэджэ хъунухэм ящыщу зэрыщытар. ЕгъэджакIуэхэмрэ абыхэм я IэщIагъэмрэ къегъэлъагъуэ абы щагъуэт щIэныгъэр зыхуэдэу щытар:

**Пэхъу Сеза** - унафэщI, географиемрэ тыркубзэмкIэ егъэджакIуэ;

**Жанджатэ ЛамиIэ** - егъэджакIуэхэм я нэхъыжь, хамэбзэхэмкIэ, Кавказым и тхыдэмкIэ, географиемкIэ егъэджакIуэ;

**Цей Умар Хилми** - адыгэ литературэмрэ усэ гъэпсыкIэмрэ хуезыгъаджэ;

**Венжэ Зекие** (Бэркъукъу Исмахьил и щхьэгъусэт) - тыркубзэ;

**Iихьсан-бей** - унафэр зезыгъакIуэ;

**Щауэ Лютфиллахь** (Лозаннэ дэт университетыр къиухат) - франджыбзэ;

**Зеифэ Намыкъ Исмэхьил** (Истамбыл гъуазджэ академие къыщиухат) - сурэт щIын;

**Блэнауэ Батокъуэ Хьэрун** - адыгэбзэ, адыгэ тхыдэ, географие;

**Профессор Гейге** (адыгэтэкъым) - музыкэ;

**Iикъбал-гуащэ** (Сати-бей и анэнэпIэс) - сольфеджио-нотэхэр;

**ТIымэ Сэин** - адыгэ макъхэм я жыIэкIэр;

**Нэхущ Сэхьид** - пкъыгъасэ (гимнастикэ);

**Мелихьэ** (ермэлы бзылъхугъэ) - къэфэкIэ.

Езыгъаджэхэмрэ зыхурагъаджэхэмрэ уеплъмэ, IупщI мэхъу гъэсакIуэхэм щIэныгъэм къыдэкIуэу я бзэкIи, я IэпкълъэпкъкIи, хабзэ-бзыпхъэкIи адыгэ бын къагъэтэджыну зэрыхэтар.

ЕджапIэм хэту къызэIуаха дэрбзэр IуэхущIапIэр Азнаур Ахьмэд ипхъу Бэшыкъуэ СаIимэ зэригъакIуэрт. ДэкIэ-бзэкIэ зымыщIэхэм зрагъащIэрт, зыщIэхэм хуэщIауэ псэухэм фащэхэр, бостейхэр хуадырт, ахъшэу къыхэкIыр зэхуагуэшыжырт е хуэныкъуэхэм иратырт.

ЕджапIэм и тхьэмадэхэри егъэджакIуэхэри пщIэншэу щылажьэр нэхъыбэт. ЕджакIуэу щIэсым я бжыгъэр 150-180-рэ хуэдизт. Дэтхэнэ зы гупми нэрыбгэ 25-30 нэхърэ нэхъыбэ щIагъэтIысхьэртэкъым. ЩIалэхэм адыгэ хъурыфэ пыIэ ящхьэрыгът, пщащэхэр европей зыхуэпэкIэм тетт. Лъэпкъ къафэхэр зэрагъэзащIэ адыгэ фащэхэр еджапIэм хэт дэрбзэр IуэхущIапIэм щадырт. Сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIаи къекIуэлIэну зэрыхуитым хуэдэу, нэхъыбэу щеджэхэр адыгэт, зэреджэр адыгэбзэт, зэрытхэр «Адыгэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэм» иригъэкIуэкIа зэпеуэм кърахьэлIа Iэлыфбейхэм ящыщт.

Хасэм тхылъ хъумапIэ хъарзыни къызэригъэпэщат, спектаклхэр щагъэлъагъуэ хьэщIэщышхуи яIэт. Пэхъу Сеза итха пьесэу «Кавказым хуэкIуэ гъуэгуанэ» жыхуиIэр абы щIыхь пылъу къыщагъэлъэгъуауэ къаIуэтэж. Тырку Республикэр яухуэну щагъэхьэзырым (1923 гъэм) еджапIэр зэхуащIыжри, абы и унафэщI Пэхъу Сеза-гуащэр судым ирашэлIэгъат, ауэ, къедэуа щхьэкIэ, зыкIи ямыгъэкъуаншэу къаутIыпщыжат. А зэманым библиотекэм щIэлъа тхылъхэри кIуэдащ.

1968-1969 гъэхэм, Таймэз Кязым селъэIури, зезгъэшэгъат Сеза-гуащэ и деж. Ауэ зыхэта гузэвэгъуэм игъэщтэщати, и гъащIэми, и лэжьыгъэми, и нэгу щIэкIахэми ятеухуауэ къызжиIаIакъым. Ныбжьым и щхьэусыгъуэкIэ щыгъупщэжауэ жиIа щхьэкIэ, Тхьэм ещIэри, гулъытэ къыхуэзымыщIа лъэпкъым зыхуигъэгусауэ пIэрэ жыуигъэIэт.

### «Ди анэ» журналыр

«АДЫГЭ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэм» къехъулIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы «Ди анэ» журналыр къызэрыдигъэкIыфар. И цIэми къызэригъэлъагъуэщи, дэтхэнэри дыкъэзылъхуа цIыхубзырщ - анэращ зи гугъу ищIыр икIи зэрылъэпкъыу дыкъызыщIэхъуа ди адэжь щIыналъэрщ, ди Хэкурщ. Хъунджэ Хъейрие-Мелэч «Ди анэм и гурылъ-гурыщIэхэр» зыфIища тхыгъэм щыжеIэ адыгэхэм, зауэ Iуэху мыхъуу, адэкIэ щIэныгъэмрэ литературэмкIэ дунейм зыкъыщагъэлъэгъуэн, адыгэ ныбжьыщIэхэм ди тхыдэм, ди бзэм, литературэм, музыкэм, цIыхубэ зэхэтыкIэм епха Iуэхухэм зыхагъэгъуэзэн зэрыхуейр. «Ди щIалэгъуалэр къыдогъэблагъэ, - дыкъыщоджэ абы,- мы гъуазэ нэхум («Ди анэ» журналым) и лъабжьэм щIэту ди тхыдэр, жьабзэр, гъуазджэр, музыкэр, ди цIыху лъэпкъ щIыкIэ-щыIэкIэр къахутэну, къапщытэну, ахэр ятхыжу къыдагъэкIыну, щIэныгъэм я нэхъ лъагапIэхэм нэсу зыкърагъэIэтыну. Мы джэ псалъэмкIэ гуауэрэ гузэвэгъуэ куэдрэ и нэгу щIэкIами, и бын зэригъэтыншыным, зэригъэгуфIэным и щэху зыIэрызыгъэхьа анэм ещхьу, гущIэгъурэ гумащIагърэ зыхэлъ макъ щабэкIэ зыныфхудогъазэ».

### «ЦIыхубэ гъащIэм бзылъхугъэм щиубыд увыпIэр»

АФIЭЩЫГЪЭМ щIэту Сеза гуащэм журналым къытрыригъэдза тхыгъэм лъэпкъым и цивилизацэр абы цIыхубзым щиубыд лъагапIэм елъытауэ зэрыщытыр къегъэлъагъуэ. Хабзэ щыщымыIэ, е щыIэми, щамыгъэзащIэ лъэхъэнэхэм цIыхубзыр унагъуэм и унэIуту фIэкIа къызэрыщамылъытэмкIэ кърегъажьэ. Сеза-гуащэм зэрыжиIэмкIэ, жылагъуэ гъащIэм цIыхубзым щиубыд увыпIэр лъагэмэ, абы и цивилизацэри лъагэуаращ. Адыгэхэр къапщтэмэ, абыхэм бзылъхугъэр «Iэ щIыIум тету кърахьэкI» жыпIэ хъуну ягъэлъапIэ. ЦIыхубзым и пащхьэ пхъашагъ, ткIиягъ, губжь къыщыбгъэлъагъуэ зэрымыхъунур, уи макъ хуэпIэтыну зэрыемыкIур я хабзэм хэтщ.

«Щызэхуэскiэ, сыт щыгъуи цIыхубзым и увыпIэр нэхъ увыпIэ лъагэращ - ижьырабгъурщ. ЦIыхубз нэхъыжьым и пащхьэ щытIысыркъым, и пащхьэ псалъэкIи нэгъуэщIкIи щызэныкъуэкъуркъым. Гъуэгум тет бзылъхугъэм и гъуэгу зэпаупщIыркъым, щыблэкIкIэ, цIыхухъухэри къыхуотэдж. Гъуэгуанэ щызэхуэзэмэ, благъэкIыр цIыхубзырщ. ЦIыхухъур шууэ щытми, къопсыхри, гъуэгур бзылъхугъэм къыхуегъанэ. Абы щIыхь зэрыхуищIыр къыхэщу, зы лъэныкъуэкIэ йоувэкIри, бзылъхугъэр блэкIыхукIэ щыту поплъэ. Дэтхэнэ зы цIыхубзри хуитщ езым нэхърэ мынэхъыжь цIыхухъур IуэхутхьэбзащIэу къигъэсэбэпыну. Сыт хуэдизкIэ мыгугъуми, цIыхухъур хуиткъым абы и лъэIур имыгъэзэщIэну. КъикIуэту щытмэ, адыгэ хабзэм къезэгъыркъыми, и лIыгъэм дагъуэшхуэ къыхуащIынущ.

### «Адыгэ бзэхабзэ» тхылъыр зытха, щIыхь зиIэ тхакIуэм хуэгъэзауэ

«ДИ АНЭ» журналым и иужьрей къыдэкIыгъуэр мыбдежым къыщытхьа фIэщыгъэр зиIэ критикэ тхыгъэрщ. Ар зытхар Кавказ Ищхъэрэ хасэм хэт Блэнауэ Хьэрунщ. Мыпхуэдэ зы тхылъ тха зэрыхъуам зэрыщыгуфIыкIар къыхигъэщурэ, макъ куэду зэхэт адыгэбзэм и зы тхыкIэ закъуэкIи арэзы ухъуну зэрыгугъур къыдыщIегъуж.

Абы къыкIэлъокIуэ Сэин ТIымэ итха усэри:

### Зы фыхъу!

**Сыт хуэдэ щIыпIэ фыщымыIэми,**
**Сыт хуэдэ дин зевмыхьэми,**
**Адыгагъэм фытемыкI.**
**Фи тхыдэр зыщ, фи пасэр зыщ,**
**Фи лъапсэр зыщ.**
**Сыт хуэдэ лIакъуэу фыщымытми,**
**Фигурэ фи гъуэгурэ,**
**Фи хэкурэ фи бзэгурэ**
**Зыуэ зэрыщытыр зэхэфщIыкI.**
**Фи щэнрэ фи хабзэрэ,**
**Фи фащэрэ фи шабзэрэ**
**Зыуэ зэрыщытым фIэкIа мыхъуми,**
**Зэкъуэшым хуэдэу фызэщIасэ!**
**ЗэмыщIасэм сыт и уасэ?**
**ФыздэгущIэгъу, фыздэгуащIэгъу,**
**ФызэдэIэпыкъуэгъу, фызэщыпкъэгъу.**
**Фызэщауэгъу, фыздэпщащэгъу,**
**ФызэдэIэпыкъу сыт щыгъуи.**
**Зы лъэпкъым фригупсэщ,**
**Зы лъэпкъым фрикупсэщ.**
**Фи лIыгъэм фытемыкI.**
**Фи щытхъурэ фи тхъэгъуэрэ,**
**Фи гуапэрэ фи Iэгъуэрэ,**
**Фи щхьакIуэрэ фи лъагъуэрэ,**
**Фи гухэхъуи фи гухэщIи**
**Зэдывощтэ псомкIи.**
**ЗэдывиIыхьэщ сыт щыгъуи.**
**Фи псалъэ фытемыкI,**
**IэщIэхми къиинми**
**УигъэпцIэнукъым адыгэм,**
**ЕпцIыжынукъым ар лIыгъэм,**
**И псалъэу итам.**
**ФызэрыгъафIэ, фызэрылъытэ,**
**ФызэрыщIасэ, фызэрыубыд,**
**ЗыкIи фызэбгъэдэмыкI.**
**ФызэIэщэгъущ, фызэфащэгъущ,**
**Фызэгъунэгъущ, фызэпэшэгъущ,**
**Фи лъэпкъ папщIэ фигу ирырегъу.**
**Фызэрымыжагъуэ, фызэмыфыгъуэ,**
**Фызэмыбий, сыт фыхъуакIи,**
**Фи зэхэхи, фи гулъыти,**
**Фи гупсыси, фигу илъи,**
**Фи гурыщIи, фи гухэлъи**
**Адыгэхэм зы ирырехъу,**
**Армырамэ - фоунэхъу.**
**Адыгагъэм фытемыкI,**
**Къуэладжейм дэнар,**
**ШэтIэтIышхуэм хэнар**
**Къыдэфшыжыным фегупсыс,**
**Гугъу фемыхьу фыщымыс.**
**Фыпсэуми фыхьэдэми,**
**Ей, маржэ, фызэбгъэдэмыкI.**

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сыт хуэдизкIэ лъахъэ ярымылъми, Iуэхугъуэ гъуэзэджэ куэд ирагъэкIуэкIащ ди нэхъыжьыфIхэм, лъэпкъыр къахъумэн, ирагъэфIэкIуэн, адрей лъэпкъхэми щапхъэ яхуэхъун папщIэ. Иджыри щапхъэ тхуэхъупхъэу, псом хуэмыдэу ди анэхэм, ди шыпхъухэм, ди цIыхубзхэм я дежкIэ, къыдолъытэ «Адыгэ бзылъхугъэ зэдэIэпыкъуныгъэ хасэри», абы къызэIуиха «Адрейхэм ефIэкI адыгэ уней еджапIэри», къыдигъэкIыу зыщIидза «Ди анэ» журналри. ЩIэблэр зыпI, зыгъасэ цIыхубзыр губзыгъэу, Iущу, зыхэщIэшхуэ иIэу, лъэпкъ Iуэхум хуэерыщу щымытмэ, хэт сыт имыщIэми, лъэпкъыр хуэузэщIыжынукъым. Дауи, цIыхубэр зэкъуэмытмэ, и закъуэ зыми зыри хузэфIэкIынукъым.

**ХЪУАЖЬ Фахъри,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.*



Хъунджэ Хъейрие-Мелэч



Кавказыдж цIэрыIуэ Нэмитокъуэ Айтэч



Мэт-ВынатIэкъуэ Иззэт-пэщэ *(1876 - 1922 гъгъ.)*



ЛIыцIэрыIуэ Хьэрун *(1879 - 1938 гъгъ.)*



Истамбыл






**Лъэпкъ Iуэху**

# Мэздэгу нэхъ гъунэгъу къытхуохъу

**Иджыблагъэ Мэздэгу щIыналъэм щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» фIэщыгъэр зиIэ лъахэдж гъэлъэгъуэныгъэр. КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм къызэригъэпэща махуэшхуэм и къалэн нэхъыщхьэу ягъэуват Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ щыпсэу лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныр, Мэздэгу щIыналъэм щыпсэу щIалэгъуалэм ди республикэм и тхыдэм, адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм теухуа я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр.**

ЩЭНХАБЗЭМКIЭ унэм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIат Осетие Ищхъэрэ-Аланием лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр **Фраев Сосланрэ** а министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ, Мэздэгу щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Рубаев Владимир**, КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**, Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербит Валерий**. Апхуэдэу махуэшхуэм къекIуэлIат Осетие Ищхъэрэми Ставрополь щIыналъэм и Курской щIыналъэми щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэ куэд.

Махуэшхуэр къыщызэIуахым псалъэ иратащ хьэщIэ лъапIэхэм. Фраев Сослан къызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ щехъуэхъум къыхигъэщащ лъэпкъ щхьэхуэхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ ухэзыгъэгъуазэ Iуэхугъуэхэр псом хуэмыдэу Мэздэгу куейм щегъэкIуэкIыныр щхьэпэу къызэрилъытэр, сыту жыпIэмэ, ар лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд щыпсэу щIыналъэщ. Зэгъунэгъу республикэхэм щыпсэухэр зэрыщIэным, зэгурыIуэным, лIэщIыгъуэ блэкIахэм псэуа я нэхъыжьхэм къащIэна хабзэфIхэр, зэхущытыкIэ дахэхэр хъумэн, егъэфIэкIуэн зэрыхуейр къагурыIуэу а IэнатIэм пэрытхэм я лэжьыгъэр абы зэрытраухуэр жиIащ министрым. Абы и гупсысэр диIыгъыу къэпсэлъащ КIурашын Анзори. Абы псалъэ гуапэхэр яхужиIащ махуэшхуэр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэн къахуэхъуа псоми икIи фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.





Апхуэдэу къызэхуэсахэм хъуэхъу дахэкIэ захуигъэзащ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

- Ди адэжьхэм къащIэна хабзэ дахэхэм щIэблэр щIэпIыкIын къалэныр нэхъыщхьэхэм ящыщщ, абы арэзы техъуэну си гугъэщ дэтхэнэ зыри. Абы хуэгъэза Iуэхугъуэ щхьэпэщ нобэ мыбы сабии балигъи къезышэлIа махуэшхуэр. Ижь-ижьыж лъандэрэ зэгъунэгъуу къызэдэгъуэгурыкIуэ осетинхэмрэ адыгэхэмрэ яку дэлъа зэхущытыкIэ дахэхэм дрогушхуэ, ахэр хъумэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ лъэныкъуитIри йогугъу, икIи «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкIуэцIхэр» гъэлъэгъуэныгъэр абы щыхьэт тохъуэ, - жиIащ Сэхъурокъуэм икIи бысымхэм саугъэт лъапIэхэмкIэ яхуэупсащ.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Мэздэгу щIыналъэмрэ Ставрополь краймрэ Курской районымрэ щыпсэу адыгэхэм илъэс тIощIым щIигъуауэ якIэлъыкIуэу зэрыщытыр, абыхэм щекIуэкI лъэпкъ-щэнхабзэ фестивалхэм жыджэру зэрыхэтыр. Ар гуапэу ехъуэхъуащ махуэшхуэм кърихьэлIахэм икIи Хасэм къыбгъэдэкIыу Мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьэныгъэм саугъэтхэр иритащ.

- Мы щIыналъэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ нэрылъагъущ. Ди гуапэщ а зэхущытыкIэхэр нэхъри быдэ хъуну, - жиIащ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм Мэздэгу къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм и щIыхьэпIэм деж къыщызэригъэпэщат Iэрыщ гъуазджэм дихьэххэм я IэдакъэщIэкIхэм я гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Адыгэ фащэ зэмылIэужьыгъуэхэм къадэкIуэу, абы щыплъагъунут фащэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэр, мэлыцым къыхэщIыкIа арджэнхэр, пасэрей унагъуэ хьэпшыпхэр, нэгъуэщIхэри. Махуэшхуэм къекIуэлIа дэтхэнэ зыми адыгэ лъэпкъым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ нэхъыфIу зыхищIэн, ар зыхэпсэукIар нэхъ IупщIу ирагъэлъагъун папщIэ мастер-класс зыбжанэ къызэрагъэпэщат. Дыщэидэ IэщIагъэм и щэхухэм тепсэлъыхьащ, ар къызэхуэсахэм нэрылъагъу ящищIащ «Урысейм и цIыхубэ мастер» цIэ лъапIэр зезыхьэ МэшкIуашэ Маринеттэ. Мэзло Руслан и арджэн щIыкIэм дихьэхахэр псом хуэмыдэу куэд хъурт. Руслан и Iэпэхэр IэкIуэлъакIуэу зэрылажьэм кIэлъыплъ къудей мыхъуу, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри хуейт арджэн зэIуищэну. Адыгэ къафэмкIэ мастер-классыр иригъэкIуэкIащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщI Атэбий Игорь.

Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ Мэздэгу щыIэ музейм, а къалэм и администрацэм и унафэщI Рубаев Владимир и жэрдэмкIэ, адыгэхэм ятеухуа плIанэпэ къызэрыщызэIуахынур икIи абы япэ хьэпшып зыбжанэ КIурашын Анзор тыгъэ яхуищIащ.

Фестиваль-гъэлъэгъуэныгъэр иухащ концерт хьэлэмэткIэ. Залым и утыкум зэдитащ, я зэфIэкIхэмкIэ къызэхуэсахэр ягъэгуфIащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

**ЩОДЖЭН Iэминат**,
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ.*
*Налшык - Мэздэгу - Налшык*








**Юбилей**

# Напэмрэ къалэнымрэ



**Анзор Мухьэмэд псэужамэ, мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъунут. Гугъущ уи ныбжьэгъуу щыта, узыбгъэдэсу узыдеджа цIыхум утетхыхьыну, ауэ зыкъомкIи ар псынщIэ къыпщещI зи гугъу сщIы адыгэлIым ди литературэм къыхина лъэужьыфIым.**

СЭ ЧЕРКЕССК къалэ дэта курыт еджапIэ-интернат нэхъыфI дыдэу ябжыр къэзухат. ЕджапIэ нэужьым илъэситIкIэ сыщылэжьащ «Хьэбэз» совхозым (институтым си щIэныгъэм щыпысщэну Iэмал сиIэтэкъым: си къуэшыр дзэм ираджауэ ди анэм и закъуэт). Мухьэмэди къуажэ еджапIэм иужь, а хозяйствэм апхуэдиз дыдэкIэ комсомолым и секретару щылэжьат. Дызэхуэзэн и пэ ди къекIуэкIыкIар зэщхьт, ауэ дыщеджэну еджапIэр адэкIэ къыщыхэтхым, сэ Мэзкуу дэт къэрал университетым журналистикэмкIэ и факультетым сыкIуэну тезухуат, Мухьэмэд - КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьэну хуейт. А зэманым Хьэбэз щыщ Туаршы Назири нэIуасэ къытхуэхъуа. Абыи Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкIуэным тригъэчыныхьырт.

Анзор Мухьэмэд къиуха, Алий-Бэрдыкъуэ дэт курыт школым адыгэбзэр фIы дыдэу щрагъэджырт икIи литературэмкIэ абы къыщызэрагъэпэща гупжьейм и фIыгъэкIэ усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ куэд диIэ хъуащ. Апхуэдэхэт си ныбжьэгъу Анзор Мухьэмэд, Бемырзэ Мухьэдин, Пхъэш МуIэед, АбытIэхэ Владимиррэ Хъызыррэ, Шорэхэ Ахьмэдрэ Хьэсинрэ, Нэхущ Мухьэмэд, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, Иуан Щамел сымэ. Бемырзэ Мухьэдин и пшыхь гуэрым сыгушыIэу Хьэгъундыкъуей къуажэм щхьэкIэ «шэрджэс усыгъэм и Мэчэ-Мадинэ» щыжысIат. А эпитетыр яхуэфащэт къуажэ еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэджахэм, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан деж къыщегъэжьауэ. Сэри сахуэарэзыщ ди егъэджакIуэхэм: усакIуэ Аслъэн Михаил, интернатым илъэс бжыгъэкIэ и унафэщIу лэжьа Лэтокъуэ Гуащэнагъуэ, тхакIуэ Кхъуэхъу Цуцэ сымэ.

Сытми, 1961 гъэм Анзор Мухьэмэдрэ Туаршы Назиррэ Мэзкуу дэт университетыр «си щхьэм ирахури», Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкIуащ. Ди тхылъхэр КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм еттщ, экзаменхэр къытхуэгуапэу дагъэтри (псом хуэмыдэу сщыгъупщэжынкъым ХьэкIуащэ Андрей дызэригъэгушхуар), дыщIэхуащ еджапIэ нэхъыщхьэм. Дызыхэхуари гуп хъарзынэт: Бещтокъуэ Хьэбас, Кумыщ Абдул, Къамбий Мурадин, ПщыукI Нурхьэлий, Туаршы Назир сымэ. Зэрытлъагъуэщи, усэным, тхэным зи гур езытауэ гупым яхэтыр мащIэтэкъым.

Адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ящыщщ Анзор Мухьэмэд. Абы и гуащIэ ирихьэлIащ журналистикэ IэнатIэми, илъэс тIощIым щIигъукIэ «Ленин нур» («Черкес хэку») газетым, Къэрэшей-Шэрджэс радиом щылэжьащ.

Мухьэмэд пасэу дихьэхат усэ тхыным, иужькIэ и зэфIэкI къыщигъэлъэгъуэжащ прозэми. Курыт еджапIэр къимыух щIыкIэ щIидзащ абы усэным – 1959 гъэм шэрджэс тхакIуэхэм я тхыгъэ зэхуэхьэсахэр иту къыдагъэкIа тхылъым абы къытрыригъэдзат и «Мэлыхъуэ щIалэ» усэр. Ар хуитхат Жьакуэ къуажэм щыщ Мамхэгъ Мухьэмэд (Мамхэгъыр школыр къызэриухыу мэлыхъуэу лэжьат, ауэ иужькIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтри, спортсмен, тренер цIэрыIуэ хъуащ).

Анзор Мухьэмэд и адыгэбзэр къулейщ, и псалъэ шэрыуэхэр щыболъагъу и усэми прозэми. ТхакIуэм и «Письмо» япэ рассказым (1964 гъэ) удихьэхыу къыщретхэкI письмохэм гъуэгуу зэпаупщIымрэ гуфIэгъуэрэ нэщхъеягъуэу кърахьэкIымрэ.

... Дзэм къулыкъу щызыщIэ Мурат зыкъом щIауэ зэжьэ письмор къыIэрохьэ. НапIэзыпIэм и гур къоплъ, бауэкIэщI хъуауэ щIыIэм холъадэри, мыл джанэ зыщыгъ псей щIыIэм зрекъузылIэ, йогупсыс: «Щэхущ, ерыщу щэхущ...». Блэ уэн кърихам хуэдэу письмор и жыпым кърех... Апхуэдэ жыIэгъуэкIэ и гупсысэр дэтхэнэми къиIуэтэфу къыщIэкIынкъым. Мухьэмэд и лIыхъужьхэм я хьэл-щэныр, я Iуэху зехьэкIэхэр, зэхущытыкIэхэр, псэлъэкIэхэр психологие елъытауэ къегъэлъагъуэ. Абы и усэхэм, поэмэхэм, рассказхэм, повестхэм я нэхъыбапIэм лъабжьэ яхуэхъуащ езым и гъащIэм щилъэгъуа, щигъэва Iуэхугъуэхэр. И мащIэкъым абы дзэ къулыкъум триухуахэр: рассказхэу - «Сэлэтыр дэни щысэлэтщ», «Иван», «Письмо»; усэхэу - «Къэрэгъулым», «Ди сэлэт уэрэдыр хъуакъым жьы», «Мы пщыхьэщхьэ уэмхэм».

Дауи, мы тхакIуэми иIэщ дунейм и дахагъэм теухуа лирикэри. Абыхэм удахьэх, зэгъэпщэныгъэ щIэщыгъуэхэр язызхэзми усакIуэм къыщигъэсэбэпащи. *Пшэ гуэрэным Iугъуэ кIыхьхэр цы Iуданэу дрешей* («ЩIымахуэ пщыхьэщхьэ» усэм хэтщ); *Уэсэпс щыгъэр дыгъэ бзийм зэщIекъуэ* («Губгъуэм»); *Япытыр жыгхэм яфIэмащIэу, пызыбзэу вагъуэ къапыкIащ* («Дунейр хелъафэ IэфIу жейм»), н.къ. ГушыIэ зыбжани и Iэдакъэ къыщIэкIащ Анзор Мухьэмэд - «Псэлъыхъу», «Шыд къуагуэ», «Щэнай». Абыхэм езыхэм я философие яIэжу гъэпсащ.

УвыпIэ щхьэхуэ абы и творчествэм щагъуэт хэкум, адыгэ щIыналъэм, цIыху лэжьакIуэхэм, зи гуащIэ хьэлъэкIэ псэужхэм ятеухуа усэхэм. «Хэкупсэ» псалъэм и мыхьэнэр зыхищIэу псэуащ Анзорыр. Ар комсомолым щылэжьат, партым хэтат, коммунистхэм яухуэ гъащIэр и фIэщ хъурт, абы и телъхьэт, и гур зэIухат. СощIэж Гагариныр космосым зэрылъэтам и хъыбарыр щызэхихам а цIыху гуащIафIэр и гуи и пси зэIухауэ а Iуэхум щыгуфIыкIауэ зэрыщытар.

Уэрэд дахэу жиIэрт усакIуэм. Иджыри си тхьэкIумэм итщ абы и макъ гуапэр. «На пыльных дорогах далеких планет останутся наши следы» - ар щишэщIкIэ сыт хуэдиз гуфIэгъуэ щIэтт абы и нэхэм.

Хэкум теухуа усэхэм, поэмэхэм («Си Шэрджэс», «Си къуажэхэмрэ си къуажэгъухэмрэ», «ГъавэгъэкI») къаIуатэр Мухьэмэд щалъхуа и щIыгум хуиIа лъагъуныгъэр зыхуэдизырщ. Критикхэми тхылъеджэхэми пщIэшхуэ хуащIащ Мухьэмэд «Атэлыкъым и лъэужьыр» зыфIища повестым. Ар «Ленин нур» газетым 1991 гъэм къытрадзауэ щытащ, тхыгъэм щыщ пычыгъуэхэр ебланэ классым хухаха «Анэдэлъхубзэ литературэм» хагъэхьащ. ПовестымкIэ тхакIуэм ди нэгу къыщIегъэхьэж «зекIуэр» лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэу щыщыта зэманыр, зекIуэлIхэм я хабзэ гъэщIэгъуэнхэр, абыхэм я дежкIэ пэжагъыр, ныбжьэгъугъэр, лIыгъэр я хьэл нэхъыщхьэу зэрыщытар. Ялъагъу хъуртэкъым былымаблэхэр, пцIыIуэпцIышэхэр.

Анзор Мухьэмэд къыдигъэкIащ «Усэхэр» (1965 гъ.), «Джэ макъ» (1975 гъ.), «Уэшх нэужьым» (1981 гъ.), «Насыпым и къуэпсхэр» (1986 гъ.) тхылъхэр. Ар и зы усэ кIэщIым щыжиIэм хуэпэжу дунейм тетащ:

**Си къарур зи Iэщэу**
**лъащэ си акъылым,**
**ЕуэзэщI си напэр -**
**и къалэн ещIэж.**
**Напэр IэщIэгъупщэу**
**зритыжмэ ныбэм,**
**АткIэ къэзгъэщIэнум**
**сэ сыхрекIыж.**

**БАКIУУ Хъанджэрий**,
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик.*

**ЩIэныгъэ**

# Гъунэ идолъэ



Ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэд къыдогъуэгурыкIуэ. Абыхэм яхэтщ хущхъуэ къызыхаххэри, шхыным халъхьэхэри, мэкъумылэу къагъэсэбэпхэри, псэуалъэ къызыхащIыкIхэри. Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм, псалъэжьхэм, уэрэдыжьхэм къыхэщыж къэкIыгъэцIэхэр джыным икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ лъэпкъ гупсысэкIэр, дуней еплъыкIэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, нобэ цIыхухэм яIэщIэхужа къэкIыгъэцIэхэр къэхутэжынымкIэ. Псалъэм папщIэ, иджырей адыгэбзэм къыщагъэсэбэпыжыркъым *къэрдэщ, андыз* удзыцIэхэр. Ауэ ди бзэм апхуэдэхэр нэхъапэм зэрыхэтам щыхьэт тохъуэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым хэт мы псалъэжьхэр: *«Къэрдэщыщхьэ мэщхьэлъэри щхьэж и гуэн йоуэж; Андызыр къетIри шыгъу кIанэ ирегъэтIысхьэж.* Мыбдежым щыжыIэпхъэщ мы романым къыхэщ удзыцIэхэр, жыгыцIэхэр, хадэхэкIхэмрэ хьэцэпэцэхэмрэ я цIэхэр зэхуэхьэсыжынымкIэ мы тхыгъэр япэ лэжьыгъэу зэрыщытыр.

Нало Ахьмэдхъан и роман купщIафIэр къэкIыгъэцIэхэмкIэ къулейщ. Абыхэм я фIыщIэкIэ къэпхутэжыфынущ лъэпкъым и ботаникэ, мэкъумэш культурэр нэхъапэхэм зыхуэдэу, здынэсу щытар. Псалъэм папщIэ, нobi зэхыдох: «Удзыпэ къэс зы уз и хущхъуэгъуэ пылъщ; Зы узыфэ и хущхъуэгъуэ удз зыдэмыт къуалэ щыIэкъым». Мыбыхэм къыбжаIэ адыгэхэм удзхэр куэд щIауэ яцIыхуу, хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхахыу зэрыщытар.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрабжымкIэ, Кавказым къэкIыгъэ лIэужьыгъуэу минихым нэблагъэ ущрохьэлIэ. Лъэпкъыр илъэс мин куэд хъуауэ апхуэдиз къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэм щыхэткIэ, дауи, ахэр къигъэсэбэпурэ къокIуэкI - удзхэр мэкъуу паупщIырт, хущхъуэу, шхынхэлъхьэу зэрахьэрт, пхъэщхьэмыщхьэр яшхырт, ягъэгъурт, ягъавэрт, мэрзей ящIырт. Дунейм и хъугъуэфIыгъуэ бейр мис апхуэдэу нэгъэсауэ къыщагъэсэбэпкIэ, абыхэм цIэ фIамыщынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Аращ ди бзэр къэкIыгъэцIэхэмкIэ щIэбейр, адыгэ псалъэжьхэм, нарт хъыбархэм, IуэрыIуатэм, уэрэдыжьхэм ахэр мымащIэу щIыхэтыр.

Языныкъуэ тхыдэтххэм жаIэ адыгэхэм я деж хадэхэкIым гулъытэ щимыгъуэтауэ. Псалъэм папщIэ, профессор Къумыкъу Тыгъуэн мыпхуэдэу етх: *«Садоводство и огородничество были развиты в Кабарде и Балкарии очень слабо и служили небольшим подспорьем в жизни. Из огородных культур развили только лук, редьку и тыкву».* Пэжщ, гъавэхэкIхэм хуэдэу, адыгэхэм я деж хадэхэкIым зыщиубгъуатэкъым, ауэ жыпIэ хъунукъым ахэр яцIыхуу, ящIэу, яшхыу щымытауэ. Адыгэ унагъуэхэм я хадэхэм куэд щIауэ къыщагъэкI пхъыр, къэбыр, шыбжийр, бжьыныхур, бжьыныр, джэдгыныр, къуэнтхъурейр, нэгъуэщIхэри. Абы щыхьэт тохъуэ зи гугъу тщIы тхыгъэм къыхэщыж хадэхэкI лIэужьыгъуэхэр.

«Нэхущ шу» романым хэт къэкIыгъэцIэхэр зыхуэдэр щыдгъэбелджылым, дэ тегъэщIапIэ тщIащ Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр» тхылъыр.

*ЦIыхум шыгъуэгу хадэхэр ягъэкъабзэ, пщIащэ, ежьужьхэр ягъэс, хьэсэхэр къатI, нащэ, балыджэ халъхьэ.*

**Нащэ** - *огурец посевной*

Зы гъэкIэ къэкI хадэхэкI къэкIыгъэщ. И пкъыр щIым щылъщ, ауэ зызыкIэрищIэн игъуэтмэ, дэжеинущ. И гъэгъахэр гъуэжьщ, дахэщ, мэкъуауэгъуэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэщ, кIы кIыхьхэр ку гъуанэхэу япытщ. КъэкIыгъэм ипкъми и тхьэмпэхэми цы пхъашэ ятетщ.

**Балыджэ** - *редиска, редис*

Куэд щIауэ къагъэкI хадэхэкIщ, и тхьэмпэхэм цы теткъым, хуэкIыхь щIыкIэщ, лэдэх мащIэ иIэщ. Балыджащхьэр хъуа нэужь, пкъыхэр къыдедз, я щхьэкIэм гъэгъа хужьхэр къыпедзэ. И жылэхэр гъэмахуэкIэм ирихьэлIэу мэхъу.

*Щамуд гъуэмылэр къытрилъхьащ: мэжаджэ, кхъуей, лы гъэгъуа, бжьын, бжьыныху, шху кхъуэщын...*

**Бжьын** - *лук репчатый*

ХадэхэкI къэкIыгъэщ, и тхьэмпэхэр хъурейщ, кIыхьщ, ку нэщIщ. Гъэмахуэм кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, жылэхэр бжьыхьэкIэм ирихьэлIэу мэхъу. Ди щIыпIэхэм ар хуабжьу щобагъуэ, витамин куэду хэлъщ.

**Бжьыныху** - *чеснок обыкновенный*

ХадэхэкIщ, гъэмахуэм ирихьэлIэу кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, жылэхэр фокIадэм ипэхэм ирихьэлIэу мэхъу. Бжьыныху лIэужьыгъуэхэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ унагъуэ хадэхэм къыщагъэкI, шхыныгъуэ зэхуэмыдэ куэдым халъхьэ.

*Хъарбыз, джэш, къэб я куэдыкIейуэ апхуэдэщ, ауэ адрей хадэхэкIхэр нэхъ мащIэщ.*

**Хъарбыз** – *арбуз обыкновенный*

ЩIыпIэ хуабэхэм куэд щIауэ къыщагъэкI хадэхэкI лIэужьыгъуэщ. Гъэгъа гъуэжьыфэхэр накъыгъэм, мэкъуауэгъуэм къыпедзэ. Хъарбызыр бадзэуэгъуэм, щыщхьэуIум мэхъу. Адыгэхэм япэм хъарбыз лIэужьыгъуэ куэд къагъэкIыу щытащ.

**Джэш** - *фасоль обыкновенная*

Сэбэпышхуэ хъу хадэхэкI къэкIыгъэщ. И пкъым зызыкIэрищIэн игъуэтмэ, зришэкIыурэ дожей, и закъуэмэ, зыхуэу докIей. Тхьэмпэхэр бгъуэ кIыхьщ, гъэгъа къыпидзэр хужьыфэщ е пшэплъыфэщ. Джэшым щIыр егъэпшэр, абы и мызакъуэу, и жылэм къэуат куэд хэлъщ. Джэшым шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкI.

**Къэб** - *тыква*

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхур зэлэжь къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ. ЦIыхум къагъэкI къэбым и къуэпсым метрипщI и кIыхьагъщ. Я тхьэмпэхэр хъуреишхуэщ, кIы кIыхь, и кур нэщIу япытщ. Къэб къыщIэкIэхэр бжьыхьэм мэхъу. КъэкIыгъэм цы пхъашэ куэду тетщ. Къэб гъэвар е гъэжьар шхыныгъуэ хьэлэмэтщ, витамин куэд хэлъщ.

*Гуфэм хуэфIу хъарбызрэ фонащэрэ илъу зы шыгу Къубатий шытх лъапэ къыщыхъеяуэ къохыж.*

**Фонащэ** - *дыня посевная*

Зы гъэкIэ фIэкIа къэмыкI хадэхэкIщ, и тхьэмпэхэр хъурей щIыкIэщ. Гъэгъа гъуэжьхэр накъыгъэм щегъэжьауэ фокIадэм къиихьэху къыпедзэ. Фонащэ хъуам IэфI куэд хэлъщ. ЩIыпIэ нэхъ хуабэхэм куэду къыщагъэкI.

*Унэ гупэм нартыху бла, шыбжий фIэлъщ, бэкхъыщхьэм къэбышхуэхэр, танэ хуэдэ, телъщ.*

**Шыбжий** - *перец однолетний*

ЦIыхум куэд щIауэ къагъэкI хадэхэкI лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр хуэкIыхь щIыкIэщ, папцIэщ, кIы кIыхь япытщ. Гъатхэм деж гъэгъа хужьхэр къыпедзэ. Шыбжийр сыр хъуа нэужь плъыжь дахэщ.

Мы тхыгъэ кIэщIымкIэ ди лэжьыгъэм гъунэ итлъэу аращ. АдэкIи ди мурадщ Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым адыгэ къэкIыгъэцIэхэр къызэрыхэщымрэ абыхэм тхыгъэм щаIэ мыхьэнэмрэ нэхъ зыубгъуауэ дытепсэлъыхьыну.

**ХЬЭПЭХЪУ Iэсият**,
*КъБКъУ-м и магистратурэм щеджэ.*



